




# SEKRETERI D ETA POU ALFABETIZASYON



## ANSEYE





# ANSEYE

GID

POU

MONITÈ

ALFABETIZASYON

*"Liv sa a se rezilta yon bon lide ak yon bèl relasyon zanmitay"*

Desanm 2003



## REMÈSIMAN

Nou voye yon remèsiman espesyal pou moun ki gade yon lòt fwa epi ki ogmante sa ki nan liv sa a:

Daniel Nicolas  
Géraldy Pierre Eugène  
Grégory Calixte  
Rose Grethelle J. David  
Bito Trinvil  
Jean Ronal Pierre  
Henry Robert Estilin  
Jean Laforest Visené  
Evens Payen

Reskonsab Kòdinasyon Lwès  
Chèf Sèvis Kòdinasyon Santral  
Chèf Sèvis Biwo Lang  
Chèf Sèvis Fòmasyon, Evalyasyon ak Kourikoulòm  
Teknisyen  
Teknisyen  
Teknisyen  
Teknisyen  
Teknisyen

N ap pwofite remèsye Sekretè d Eta pou Alfabetizasyon an, Stéphen M. Francisque epi tou Harry Toussaint, Kénold Moreau, Franck Charles-Pierre, Yves Déjean, Pè Frantz Grandoit ak Louis Frantz Michel pou kolaborasyon ak sipò teknik yo te ba nou nan elaborasyon liv "Anseye" a.

N ap remèsye tout teknisyen Kiben, Sèvis Fòmasyon, Evalyasyon ak Kourikoulòm, Biwo Lang ak Kòdinasyon Santral yo pou bon travay ak tout konsèy pratik yo te ba nou.

Yon gwo mèsi pou teknisyen Sèvis Enfòmatrik yo espesyalman Ronald Télémaque, Patrick Florent, san n pa bliye tou sekretè nou yo: Danielle Souverain, Paulette Espérance, Wiselène Bristol ak Emlyne J. Durosier.



# SA KI NAN LIV LA

DE MO POU N KÒMANSE .....	5
PREZANTASYON .....	6
<b>CHAPIT I SISTÈM ÒTOGRAF KREYÒL AYISYEN AN .....</b>	<b>7</b>
1.- Sistèm òtograf : Definisyon .....	7
2.- Prensip òtograf kreyòl la .....	9
3.- Detèminan atik yo .....	10
4.- Lòt konsiderasyon enpòtan .....	11
5.- Tirè (trè dinyon) .....	11
<b>CHAPIT II TEKNIK SANSIBILIZASYON, MOTIVASYON AK ANIMASYON .....</b>	<b>12</b>
1.- Teknik sansibilizasyon .....	12
2.- Kondisyon pou yon bon sansibilizasyon .....	12
3.- Motivasyon .....	13
4.- Animasyon .....	14
5.- Mak fabrik yon bon animatè .....	15
<b>CHAPIT III TEKNIK POU N TRAVAY AK GRANMOUN .....</b>	<b>16</b>
1.- Enpòtans alfabetizasyon .....	16
2.- Diferans ant Lekòl tradisyonèl ak Alfabetizasyon .....	16
3.- Kondisyon pou yon moun vin monitè .....	16
4.- Kèk konsèy pou n travay ak granmoun .....	17
5.- Pozisyon patisipan yo chita nan klas la .....	17
6.- Sou ki baz travay la dwe fèt? .....	18
7.- Kesyon nou ka reflechi sou yo .....	19
<b>CHAPIT IV PREZANTASYON LIV APRANN NAN .....</b>	<b>20</b>
1.- Òganizasyon liv Aprann nan .....	20
2.- Jan pou nou sèvi avèk liv Aprann nan .....	20
3.- Prezantasyon logotip yo .....	21
<b>CHAPIT V TEKNIK LEKTI AK EKRITI .....</b>	<b>23</b>
1.- Enpòtans lekti .....	23
2.- Divès etap ki genyen nan aktivite aprann li ak ekri a .....	23
3.- Teknik pou nou montre patisipan yo li san pèdi tan .....	23
4.- Jan pou nou kòmanse aktivite ekriti a .....	25
5.- Dewoulman aktivite yo andedan sant lan .....	26
<b>CHAPIT VI EVALYASYON .....</b>	<b>28</b>
1.- Diferan moman evalyasyon yo .....	28
2.- Premye rankont ak patisipan yo .....	28
3.- Men kèk modèl egzèsis evalyasyon .....	29
4.- Demach pou yon bon evalyasyon .....	33



## PREZANTASYON

"Gen plizyè metòd yon moun kapab itilize pou l anseye lekti. Gen metòd global kote nou kapab ekri yon fraz prensipal, nan fraz prensipal la nou chwazi mo ki pi enpòtan an, epi nou dekoupe l an silab, sòti nan silab pou al tonbe nan yon lèt (vwayèl). Epi gen metòd silabik, kote nou pran grenn lèt sa a (vwayèl) pou n fòme lòt silab, epi lòt mo pou n debouche sou yon lòt lide jeneral"<sup>1</sup>.

Nan kad pwogram alfa a SEA konbine de ( 2 ) metòd sa yo ansanm ki vin debouche sou yon twazyèm metòd yo rele metòd miks.

Aplikasyon metòd sa a chita sou logotip yo, paske espesyalis nan edikasyon rive dekouvri :

- "Lè yon metòd aprantisaj chita sou <zòrèy> sèlman, granmoun yo aprann a 20%
- Lè yon metòd aprantisaj chita sou <je> sèlman, granmoun yo aprann a 30%
- Lè yon metòd aprantisaj chita sou <zòrèy ak je>, granmoun yo aprann a 50%
- Lè yon metòd aprantisaj chita sou < zòrèy, je ak dyalòg>, granmoun yo aprann a 80%
- Lè yon aprantisaj chita sou <zòrèy, je, dyalòg ak aksyon (aktivite)>, granmoun yo aprann a 90%"<sup>2</sup>.

Nou itilize metòd la nan yon seri aktivite k ap ede nou fè patisipan yo aprann pi vit. Epi konpetans monitè a ap rann metòd la parèt pi fasil. Metòd la chita sou obsève foto oubyen desen. Li devlope konpreyansyon moun k ap aprann li a, epi li pèmèt li fè egzèsis pwononsyasyon tou. Aktivite ekri mo yo ap ede moun k ap aprann li ak ekri a vin pi maton nan fè egzèsis ki nan kaye li a. Pou aktivite lekti ak ekriti a nou sèvi ak logotip (je, zòrèy, bouch, dwèt). Logotip sa yo ap ede moun k ap aprann nan devlope kapasite pou l aprann gade byen, kapasite pou l ajè. Metòd sa a ap fè gen dyalòg ant monitè ak patisipan, l ap ede yo bay lide yo sou tèm y ap travay la epi l ap ede yo ranmase plis konesans.

Kidonk, monitè a kapab fè sa pandan l ap sèvi ak sa moun yo konnen deja, istwa sou lavi yo ki chaje ak anpil bèl koze k ap sèvi kòz osinon rezon pou yo enterese aprann. Se pou monitè a kite patisipan yo pran san yo, pa fè yo li trennen, ni twò vit.

Kon sa, nou gen liv Anseye a k ap pèmèt monitè yo suiv divès entèvansyon k ap fèt nan seminè fòmasyon yo san pwoblèm. Liv sa a ap sèvi yo tou kòm yon materyèl y ap kapab konsilte lè yo bezwen. Nou swete, nou byen itilize l nan pwogram alfa debaz la.



# CHAPIT I

## SISTÈM ÒTOGRAF KREYÒL AYISYEN AN

"Yon moun aprann pi vit e, pi byen lè aktivite edikasyon an fèt nan lang manman l"<sup>3</sup>. Tout espesyalis edikasyon dakò sou sa. Se poutèt sa, nan pwogram alfa a, SEA poze kòm kondisyon, pou yon moun vin monitè: fòk li konn li kreyòl fen, fòk li konn ekri kreyòl fen. Kon sa, nou ekri chapit sa a pou pèmèt tout moun ki deside bay konkou yo devlope kapasite sa yo san difikilte.

Men sa n ap jwenn nan chapit la : yon rale sou sistèm òtograf kreyòl la, prensip yon moun dwe suiv pou l ekri kreyòl ak kèk lòt konsiderasyon enpòtan.

### 1.- Sistèm òtograf: Definisyon

Yon sistèm òtograf "se tout siy oubyen desen yo itilize pou reprezante son oubyen gwoup son ki abitye sòti nan bouch moun ki pale yon lang daprè yon seri prensip"<sup>4</sup>. Kon sa sistèm òtograf kreyòl ayisyen an chita sou yon seri prensip ki senp, ki regilye epi ki fasil pou moun kapte.

#### 1.1.- Kategori siy ki nan sistèm òtograf kreyòl ayisyen an

Nan sistèm òtograf kreyòl ayisyen an nou jwenn twa kategori siy: vwayèl, konsòn, demi vwayèl.

##### 1.1.1.- Vwayèl

Vwayèl se yon son ki pa jwenn blokaj lè l ap sòti nan bouch nou. Nou konn ba yo pote non manman son. "Nan sistèm òtograf kreyòl ayisyen an genyen 10 vwayèl: a, an, e, è, en, i, o, ò, on, ou"<sup>5</sup>.

Nan 10 manman son sa yo genyen vwayèl bouch (vwayèl ki sòti nan bouch); vwayèl nen (vwayèl ki sòti nan bouch ak nan nen).

a	o		Vwayèl bouch (vwayèl oral)
e	ò		Vwayèl ki sòti nan bouch
è	ou		
i			

an		Vwayèl nen (vwayèl nazal)
en		Vwayèl ki pase nan bouch nou ak nan nen nou
on		lè y ap sòti.



### 1.1.2.- Konsòn

"Konsòn se yon bwi ki fèt lè lè ki soti nan bouch nou bloke"<sup>6</sup>. Lè konsòn yo mache ak yon vwayèl yo bay yon silab. Nan sistèm òtograf kreyòl ayisyen an nou jwenn 17 konsòn.:

b	: labib, ba, bab
ch	: chich, chèch
d	: rad, rèd
f	: chif, chèf, filozòf
g	: bag, vag
h	: hing, hang, enhen
j	: jòj, jij, paj
k	: rèk, rak, bourik
l	: pil, poul
m	: chanm, plim, fim
n	: lalin, dodin, Antwàn
p	: pip, pèp, pap
r	: karate, radyo, bare
s	: sis, sous, pis
t	: pit, pat, rat
v	: rèv, liv, vèv
z	: baz, kraze, riz

**Remak :** Yo pa double konsòn nan ekri mo kreyòl. Si menm konsòn nan parèt youn dèyè lòt, fòk yo chak nan yon silab diferan.

**Egzanp :** Dappiyanp : dap pi yanp  
Dezyèmman : de zyèm man

### 1.1.3.- Demi Vwayèl / Demi Konsòn

(son ki ant vwayèl ak konsòn)

**Uí** : zuit, uit, (8), lannuit, andui

**Y** : parèy, chay, may, siy

**W** : kaw (li chèch tankou kaw), mwatye, nwa, wòch

Nou sèvi ak demi vwayèl **y** ak **w** pou evite de (2) vwayèl rankontre nan yon mo kreyòl.

**Egzanp :** aeopò      **ayewopò**  
pei            **peyi**  
kaotchou    **kawotchou**

#### Remak:

Lèt **M** avèk lèt **N** se konsòn nazal (bouch nen) alòske tout lòt yo se konsòn oral (bouch). "Fòk nou toujou sonje nan alfabè kreyòl la lèt **C** pa mache pou kont li. Li toujou mache ak lèt **h** pou yo remèt yon sèl son nou jwenn nan mo tankou : **Rach, vach**.

- Pa gen lèt **Q** nan alfabè kreyòl la. Se lèt **K** yo itilize pou remèt son lèt sa a konn remèt la.

**Egzanp:** Kaki, kepi, piblik.



- Pa gen lèt **X** nan alfabè kreyòl la, nou sèvi ak konbinezon **ks** ak **gz** pou ranplase son lèt **x** la.

**Egzanp :**      excité            :            **eksite**  
                          taxi                    :            **taksi**  
                          examen             :            **egzamen**

- "Nan 10 vwayèl kreyòl la lèt **R** mache agoch: **a, e, è, i, en, an**. Men lèt **R** pa mache agoch: **o, ò, on, ou**. Kat (4) vwayèl sa yo rele vwayèl awondi oubyen vwayèl bouch won. Ki vle di nan bouch kreyolofòn ayisyen, yo pa woule lèt **R** devan vwayèl won yo. Epi lèt **R** pa janm parèt nan finisman yon silab"<sup>7</sup>.

Sonje: **w** mache agoch tout 10 vwayèl yo san pwoblèm, men lèt **R** mache agoch 6 sèlman. **Egzanp:** lwanj, dwèt, dwòl, won, eksetera.

Lèt **U** pa janm parèt pou kont li. Li mache adwat lèt " o " pou li remèt yon vwayèl ( = yon son ) nou jwenn nan mo tankou: **Joumou, chou, doukounou**.

Lè li mache agoch lèt " i " se yon demi vwayèl li ye. **Egzanp:** ui goud, uit moun, pwodui lakay<sup>8</sup>.

kòm sistèm òtograf kreyòl la prezante jan nou sot wè li a, alfabè a suiv lòd nou pral jwenn tousuit la a. Se lòd sa a nou suiv lè n ap klase lèt yo youn aprè lòt, nan yon lòd alfabetik sizoka nou pa vle sèvi ak chif.

a	an	b	ch	d	e	è	en	f	g	h	i
j	k	l	m	n	o	ò	on	ou	p	r	s
t	ui	v	w	y	z.						

## 2.- Prensip òtograf kreyòl la

Òtograf kreyòl la chita sou twa (3) prensip. Chak prensip konplete sa lòt la pa fin di nèt.

### 2.1.- Premye prensip

**"Chak lèt ret nan wòl yo"**

Prensip sa a vle di: Lè gen yon lèt ki reprezante yon son kèlkonk nan yon mo, okenn lòt lèt pa kapab reprezante menm son an ankò.

<b>Egzanp :</b>	<b>franse</b>	<b>kreyòl</b>
	Philosophie	filozofi
	Démocratie	demokrasi
	Patience	pasyans
	Secondaire	segondè

**Remak:** Nou konstate an franse, nan mo "philosophie" ph ranplase lèt **F**.

Nan mo "démocratie" ak mo "patience" t pran plas lèt **S**.

Nan mo "secondaire" c pran plas lèt **G**.



## 2.2.- Dezyèm prensip

"Chak menm son toujou ekri menm jan"<sup>10</sup>. Prensip sa a yle di : Se pa poutèt yon son parèt nan plizyè mo kreyòl ki diferan, pou l oblije ekri divès fason. Jan yon son ekri nan tèl mo kreyòl se menm jan an l ap toujou ekri nan nenpòt lòt mo. Annou pran egzanp son **en** :

franse	kreyòl
<u>Im</u> possible	<u>en</u> posib
Th <u>ym</u>	<u>ten</u>
P <u>ain</u>	<u>pen</u>

**Remak** : Nou konstate an kreyòl chak son **en** yo toujou ekri menm jan epi an franse chak son **en** yo ekri divès fason.

## 2.3.- Twazyèm prensip

"Nanpwen lèt ki bèbè"<sup>11</sup>

Prensip sa a vle di : Nanpwen yon lèt ki parèt nan yon mo an kreyòl pou lèt sa a pa reprezante yon son. Tout lèt ki nan yon mo dwe sonnen kòmsadwa, yo pa dwe bèbè.

**Egzanp :**

franse	kreyòl
Pa <u>o</u> n	pan
Ta <u>p</u> is	tapi
Ba <u>n</u> c	ban
Sa <u>ng</u>	san

nan mo franse "paon" o bèbè

nan mo franse "tapis" s bèbè

nan mo franse "banc" c bèbè

nan mo franse "sang" g bèbè

## 3.- Detèminan atik yo

Nan lang kreyòl la nou jwenn de ( 2 ) gwoup detèminan atik: detèminan atik defini ak detèminan atik endefini.

### 3.1.- Detèminan atik defini.

Nan sistèm òtograf kreyòl ayisyen an gen 5 fòm detèminan atik sengilye: **a, an, la, lan, nan**. Detèminan atik sa yo toujou vini dèyè non yo detèmine a.



**Egzanp** : Lavi a bèl  
Liv la chire  
Fanm nan pati  
Sant lan ouvè

Genyen yon detèminan pliryèl : **yo**

**Egzanp** : Machin yo an pàn  
Monitè yo toujou prezan

Sonje: Pou make fòm pliryèl an kreyòl ou pa dwe janm sèvi ak lèt "s". Se **yo** ki make fòm pliryèl la. **Egzanp**: kote 4 balon **yo**.

### 3.2.- Detèminan atik endefini

**Yon** : se yon detèminan atik endefini, li toujou parèt devan non an.

**Egzanp**: Yon chèz, yon tab, yon moun.

## 4.- Lòt konsiderasyon enpòtan

Lè yon moun ap ekri kreyòl gen yon seri erè li kapab fè san li pa rann li kont nan itilize: aksan, apostwòf ak tirè. Kòman nou kapab evite difikilte sa yo.

### 4.1.- Aksan

Nou sèvi avèk aksan grav sou tèt "a" ki parèt agoch "n" pou n evite gwoup de (2) lèt "an" an remèt son "an".

**Egzanp** : Machin nan an pàn.  
Èske òtograf la fasil, Ànmari?

*Après aksan grav nou pa sèvi avèk okenn lòt aksan<sup>12</sup>.*

### 4.2.- Apostwòf

Nan travay alfabetizasyon an "nou pa sèvi ak apostwòf"<sup>13</sup>. Nou konstate apostwòf se yon ti siy ki bay menm moun ki deja konn li ak ekri anpil pwoblèm, menm moun ki save pa fin konnen ki kote pou yo mete siy apostwòf la. Se sa k fè, nou pito kite yon ti espas chak fwa nou ta oblije sèvi ak apostwòf. Kon sa, pwoblèm nan rezoud.

Ann gade egzanp sa yo :

Mwen ap pale  
Nou ap manje

**Pa bon**  
m'ap pale  
n'ap manje

**Bon**  
m ap pale  
n ap manje.

## 5.- Tirè (trè dinyon)

Nou sèvi ak tirè pou n separe yon mo ki pa ka fin ekri nan bout yon liy<sup>14</sup>.



## CHAPIT II

### TEKNIK SANSIBILIZASYON, MOTIVASYON AK ANIMASYON

Depi lontan, gen anpil moun k ap poze kesyon sou fason moun aji, pou ki sa yon gwoup moun chwazi patisipe nan yon aktivite, epi gen yon lòt gwoup moun ki pa chwazi patisipe.

Moun k ap reflechi sou fason moun aji, rive dekouvri "de (2) gwo fòs ki kapab fè yon moun patisipe nan yon aktivite ak tout nanm li: se yon fòs ki anndan moun nan menm, li grandi avèk li, tankou kwayans li, atitid li, eksetera. Dezyèm nan, se fòs ki sòti nan antouraj moun nan. Fòs sa a toujou makònen ak enterè moun nan genyen nan aktivite k ap fèt la"<sup>15</sup>. Chapit sa a ap pèmèt nou jwenn teknik pou n ankouraje moun ki pa konn li ak ekri yo al nan sant alfa, pou nou kenbe patisipan yo nan sant, epi pou nou mete animasyon nan sant yo.

#### 1.- Teknik sansibilizasyon

##### 1.1.- Ki sa sansibilizasyon an ye?

Sansibilizasyon "se divès aktivite nou kapab fè pou rive konvenk yon moun osinon yon gwoup moun. Fè l pran konsyans pou l aji sou yon pwoblèm epi fè l kwè nan sa li pa t kwè"<sup>16</sup>. Men sa dwe fèt nan respè ak diyite, san manti. Kidonk, teknik sansibilizasyon an se tout mwayen ak tout zouti n ap itilize pou nou rive fè travay sa a.

##### 1.2.- Zouti ak materyèl n ap itilize pou n fè sansibilizasyon

- Sansibilizasyon a distans: radyo, televizyon, espòt, afich, depliyon, bandwòl ak lòt ankò<sup>17</sup>.
- Sansibilizasyon nan mitan gwoup moun: nan mache, anndan legliz, sou plas piblik, nan gagè, nan peristil. Nou kapab itilize megafòn pou nou fè sa.
- Sansibilizasyon pase kay an kay (Pòtapòt).

Pami tout mwayen sa yo, gen youn ki pi fasil, ki pa mande anpil kòb, se sa nou rele pòtapòt la, li pran yon ti tan tou piti. Yon ti chita pale nan respè youn pou lòt kont pou nou atenn objektif nou.

#### 2.- Kondisyon pou yon bon sansibilizasyon

Pou w sansibilize yon moun, fòk moun nan nan kondisyon pou l tande w, fòk moun nan prè pou l tande mesaj ou vle fè pase a. Pou rive kapte moun nan, li ta bon pou w mache al jwenn li, sa vle di al lakay li, sa rantrè nan sa nou rele respè a. Kon sa, fòk nou fè rankont yo ak anpil serye.

##### 2.1.- Rankont ak moun yo

Li enpòtan anpil pou w gen ladrès, lè w ap salye moun yo. Ou pa dwe fè sa tankou ou t ap pale avèk kamarad ou. Fòk salitasyon an fèt ak respè. Men yon egzanp: "Bonjou madam, bonjou frè, oswa bonjou sè, bonjou entèl, kouman ou ye e lòt moun yo, e timoun yo e sante w".



Après salitasyon an fòk ou pa prese pale de pwogram nan, pale sou lòt aktivite tankou aktivite moun nan ap mennen chak jou nan lavi li. Kon sa, lè ou fini familiarize w avèk li, l ap pi nan kondisyon pou l tande tout sa ou pral di l yo.

Monitè a ap poze patisipan an kèk kesyon sou: lavi fanmi li, èske l gen timoun ki lekòl? Kiyès ki siyen kanè pitit li? Èske l gen moun aletranje?

- Ki sa l panse sou koze konn li ak ekri a?
- Sa li ta renmen fè kòm aktivite : komès, jadinaj, eksetera.

Monitè a dwe kondui aktivite sansibilizasyon an selon repons patisipan an.

## **2.2.- Prezantasyon avantaj pwogram nan**

Lè w santi moun nan prè pou l aksepte tout sa ou pral di l yo, w ap fè l konnen rezon ki fè ou rankontre l, se nan lide pou nou pataje sa nou konnen paske ou konnen li chaje ak eksperyans. Aprè sa, w ap prezante l pwogram nan.

Pandan w ap prezante l pwogram nan, fòk ou fè l konnen se pa li menm sèl k ap patisipe ladan l. Eksplike l gen anpil moun ki deja konn li ak ekri gras a pwogram sa a. Fè l konnen tou ou ta renmen aprann anpil bagay nan men l, e se fason sa a n ap vanse ansanm.

Fòk ou fè l konnen tou :

- L ap jwenn liv, plim, ak kreyon gratis.
- L ap aprann li ak ekri nan yon ti tan (ant 4 mwa a 6 mwa pou pi plis).
- L ap pase 2 èd tan sèlman nan sant lan chak jou.
- Nan sant lan, y ap montre l kòman pou l òganize aktivite ekonomik an gwoup.

Aprè w fin pale avè l kon sa, w ap pran randevou avèk li nan sant lan, si li pa vini, w ap rekòmanse menm demach yo.

Pa bliye, nan rankont yo, pa janm sèvi ak mo "lekòl". Ou ka pale kon sa :

- N ap chita ansanm pou n brase lide.
- N ap pataje konesans nou.
- N ap reflechi ansanm.

## **3.- Motivasyon**

### **3.1.- Ki sa motivasyon an ye?**

Motivasyon "se sa k ap pèmèt ou konprann prensipal rezon ki pouse yon moun aji osinon patisipe nan yon aktivite"<sup>18</sup>. Kidonk, motivasyon an toujou marye ak enterè moun nan genyen nan aktivite l ap mennen chak jou<sup>19</sup>. Gen divès kalite motivasyon.

### **3.2.- Divès kalite motivasyon**

Pami tout kalite motivasyon sa yo n ap konsidere motivasyon pèsònèl ak motivasyon patikilye.



### **3.2.1.- Motivasyon pèsonèl<sup>20</sup>**

Motivasyon ki chita sou :

- Kwayans
- Eksperyans
- Konpòtman

### **4.2.2.- Motivasyon patikilye<sup>21</sup>**

Motivasyon ki chita sou :

- Aktivite sosyal patisipan yo
- Aktivite relijiye patisipan yo
- Aktivite politik patisipan yo
- Aktivite ekonomik patisipan yo

Motivasyon sa a dwe fèt anvan epi pandan sant lan ap travay . Kon sa, p ap gen mòde lage nan sant lan, patisipan yo ap toujou vini chak jou. Nan yon sant alfabetizasyon se motivasyon patisipan an ki konte.

## **4.- Animasyon**

### **4.1.- Ki sa animasyon an ye?**

Animasyon "vle di mete vi, mete gete ak anbyans nan yon gwoup"<sup>22</sup>. Se yon seri aktivite yon monitè ap mennen pou l chofe sant lan. Lavi nan sant lan dwe makònen ak reyalyte patisipan yo ap viv chak jou. Sa ap pèmèt yo patisipe ak kè yo ak tout nanm yo nan aktivite aprantisaj la. Men pa bliye, lavi sant lan marye ak kalite animatè a.

### **4.2.- Divès kalite animatè**

#### **4.2.1.- Animatè otoritè**

Yon animatè otoritè, "se yon animatè ki pran pòz chèf li, ki toujou vle pase patisipan yo lòd. Sa vle di, se sèlman sa li vle ki pou fèt"<sup>23</sup>.

#### **4.2.2.- Animatè demokrat**

Animatè demokrat la, "se yon animatè ki toujou prè pou l aksepte epi pataje tout bon lide patisipan yo pwopoze l, pou avansman oubyen bon fonksyonman sant lan"<sup>24</sup>.

#### **4.2.3.- Animatè lèse grennen**

Animatè lèse grennen, "se yon animatè ki pa pran responsabilite l, li aksepte nenpòt dezòd nan sant lan. Kèlkeswa sa k ap fèt la, sa pa deranje l"<sup>25</sup>. Kidonk, li pa santi nesite pou tout aktivite fèt kòm sadwa.



## 5.- Mak fabrik yon bon animatè

Fòk se yon monitè ki:

- Dinamik, sa vle di yon moun ki aktif, yon moun ki gen aktivite nan kò l.
- Poze patisipan yo kesyon sou divès pwoblèm yo.
- Fè patisipan yo pale, kore pawòl yo, fè yon ranmase sou sa yo di yo epi reflechi avèk yo sou pawòl sa yo.
- Ankouraje patisipan yo nan tout sa y ap fè.
- Fè deba ak patisipan yo sou tèm ki enpòtan, ki enterese yo, tankou: sante, anviwònman, alfabetizasyon, eksetera.
- Montre yo chante, ba yo blag, òganize ti pyès teyat.
- Fè yo kwè nan tèt yo, epi fè yo kwè nan travay y ap fè a.

Kidonk, yon bon animatè, se yon moun ki favorize patisipasyon tout moun nan sant lan. Li ankouraje patisipan yo pran konsyans sou sityasyon y ap viv.

Sansibilizasyon, motivasyon ak animasyon se twa (3) gwo aktivite ki nesèsè nan aprantisaj granmoun. San yo, gen anpil chans pou gen mòde lage nan sant lan, sant lan ka rive menm kraze avan si (6) mwa a. Kon sa, monitè a dwe jwe wòl animatè pandan l ap motive patisipan yo sou enterè yo genyen pou yo aprann li, aprann ekri, aprann kalkile, aprann yon metye, eksetera.



## CHAPIT III

### TEKNIK POU N TRAVAY AK GRANMOUN

Pou ki sa anpil aktivite edikasyon ki fèt pou granmoun pa rive reyisi? Moun ki fè rechèch sou sa fè konnen rezon prensipal la, se paske moun k ap travay ak patisipan yo pa suiv bon jan prensip ki kadre ak karakteristik moun k ap aprann yo. Chapit sa a fèt pou ede w dekouvri bon teknik pou w travay ak granmoun yo.

#### 1.- Enpòtans alfabetizasyon

Zanmi monitè alfa, youn nan pi gwo travay yon peyi dwe chèche fè se elimine koze pi fò moun pa konn li ak pa konn ekri a nan peyi a. Zafè alfabetize yon pèp pi gran pase yon aktivite edikasyon, se yon gwo batay sosyal e pou n genyen batay sa a se tout moun nan tout sektè ki pou mete men nan travay la. Se yon bagay ki klè pou nou tout, analfabetis ak soudevlopman toujou mache men nan men. Yo se de (2) gwo lènmi pou yon peyi.

N ap kapab fini ak pwoblèm inyorans lan si nou rive konprann : edike yon moun pa vle di montre moun nan li ak ekri sèlman, men edike se bay ni gason, ni fi (fimoun kou granmoun), posiblite pou yo konprann monn y ap viv ladann nan. Y ap kapab bay patisipasyon yo nan tout sa k ap fèt pou yo rive chanje monn sa a. Sa ap rive fèt gras a bon jan konpòtman sitwayen yo. Lè sa a, y ap gen tout sa ki nesese pou yo viv tankou moun nan sosyete a.

#### 2.- Diferans ant Lekòl tradisyonèl ak Alfabetizasyon

Gen yon gwo diferans ant lekòl tradisyonèl ak alfabetizasyon. Menm lè ekstrikti yo parèt menm, objektif yo ak metòd yo pa menm. Paske, "nan lekòl tradisyonèl elèv la soumèt li ak yon pwogram fòmasyon yo enpoze l. Mèt la se yon save k ap vide konèsans, epi elèv la menm ap resevwa. Li kontante l ak sa mèt la ap ba li a sèlman. Alòske, nan alfabetizasyon se echanj, pa gen mèt, pa gen elèv, pa gen elèv fò, pa gen elèv kreten, pa gen konpetisyon ak pinisyon. Se volonte yo ki fè yo vin aprann li ak ekri epi fè kalkil. Aprantisaj la fèt sou sa granmoun yo plis bezwen, sou sa k ap ifil yo chak jou"<sup>26</sup>.

Kon sa, "granmoun yo nan mitan tout sa k ap fèt nan sant lan. Se yo ki gen responsablite pwòp fòmasyon yo"<sup>27</sup>.

#### 3.- Kondisyon pou yon moun vin monitè

Li pa difisil pou yon moun vin monitè. Depi moun nan deside epi li dakò ak kondisyon nou pral site la yo:

- Monitè a ta dwe rete nan kominote kote travay alfabetizasyon an ap fèt la.
- Fòk se moun ki konn pale kreyòl, ki konn li ak ekri kreyòl.
- Fòk se moun ki bay kilti peyi a anpil enpòtans.



- Fòk se moun ki konn li byen epi ki konn ekri byen (moun sa a dwe kapab konprann yon tèks e fòk li kapab ekri yon ti rezime sou tèks sa a).
- Fòk se yon moun ki gen fòmasyon sou metòd yo itilize nan edikasyon granmoun epi fòk li pran fòmasyon sou materyèl n ap itilize nan kanpay alfabetizasyon an.

#### 4.- Kèk konsèy pou n travay ak granmoun

- Konprann ki sa patisipan yo bezwen nan men w. "Yo bezwen w ede yo".
- Fè patisipan yo santi ou gen anpil respè pou yo lè w ap kominike avèk yo.
- Fè yo zanmi w.
- Fè yo konnen enpòtans sa genyen pou yo vin patisipe nan tout rankont w ap fè chak semèn.
- Montre yo ou toujou pare pou w tandè pwoblèm yo. Se pou w konprann yo.
- Fè yo konprann se moman sa a menm ki pi bon pou yo aprann li ak ekri. Se pou w fè yo kwè sa.
- Pa bliye, gen anpil nan patisipan yo ki pa wè byen oswa ki pa tandè byen. Pwoblèm sa yo kapab ba yo difikilte pou yo aprann. Se pou w ede yo regle pwoblèm sa yo.
- Pa bliye lè patisipan yo gen pwoblèm lajan oubyen lè yo gen pwoblèm nan fanmi yo, yo ka pa sou sa lè yo nan klas la. Kon sa, se pou w fè rankont yo tounen reyinyon ki enteresan. Reyinyon ki bay moun anvi pou yo patisipe, yon seri reyinyon kote w ap tou ede patisipan yo jwenn kèk solisyon pou pwoblèm yo genyen.
- Montre ou gen anpil kouraj devan pwoblèm yo. Mete nan tèt ou w ap travay pou kondisyon lavi moun vin miyò, w ap konbat inyorans ki lakay patisipan yo. Lè w fè sa, se ede w ap ede peyi a fè pwogrè.
- Pa pase patisipan yo lòd. Se pou w sèvi ak pawòl k ap bay ankourajman :
  - Nou pral travay ansanm.
  - Ann etidye ansanm.
  - W ap travay toutbon.
  - Ann ale.
  - Sa anfòm nèt.
  - Ou entèlijan anpil.
  - Gad jan w fè anpil pwogrè.
  - Se trè byen.
  - Gad jan w kontan.
  - Ou bay tout nanm ou nan sa w ap fè a.

Pa fè gwo kòlèt, lè w ap pale ak patisipan yo. Sonje se monitè a ki pou mete tèt li ansanm ak patisipan yo pou yo fè travay alfabetizasyon an.

#### 5.- Pozisyon patisipan yo chita nan klas la

Kote patisipan yo chita nan lokal la dwe pèmèt sous limyè a parèt anlè agoch kote l ap ekri a. Sa se youn nan pwèn enpòtan pou n kenbe lè n ap òganize travay la.

Lè n ap pale sou pozisyon patisipan yo chita nan sant lan, fòk nou konsidere distans yo kapab wè. Sa vle di, n ap kontwòle si yo anmezi pou yo wè sa ki ekri sou tablo a. Se menm jan an,



chèz kote patisipan yo chita a dwe pèmèt yo rete nan yon pozisyon kòrèk, non sèlman sa ede patisipan yo pi alèz nan mouvman y ap fè pou yo devlope kapasite motris yo, men l ap ede yo devlope tou kèk konpòtman ki nesèsè pou yo ka ekri pi byen tankou: pozisyon kaye a, distans ant sipò tab l ap ekri sou li a ak je l, jan l ap deplase kreyon an lè l ap ekri, eksetera.

Nou kapab itilize tout lokal nou jwenn ki disponib tankou: lekòl, legliz, peristil, ak lòt ankò. Men, "li ta toujou pi bon pou patisipan yo chita an demi sèk, sa ap fasilite kominikasyon anndan sal la"<sup>28</sup>. Yon sant alfabetizasyon dwe resevwa ant 10 a 25 patisipan. Pou bon fonksyonman sant lan, klas yo pa dwe chaje kou legba. Sa kapab anpeche aprantisaj la fèt byen. Epi monitè a ap mal pou l kontwole klas la.

Depi yon moun enterese pou aprann li ak ekri se pou nou ankouraje l. Nou pa gen dwa di l se pou l tann lòt mwa a. Fòk nou pa di enskripsyon fini, men se pou nou kreye mwayen ki ka pèmèt li rantre nan yon klas alfabetizasyon ki pa twò lwen. Reskonsab sant lan dwe fè aranjman pou satisfè tout moun nan jan l ap fè orè fonksyonman chak klas nan sant lan, epi nan jan l ap gwoupe moun yo.

## **6.- Sou ki baz travay la dwe fèt?**

Nou ka fè aktivite yo pandan n ap brase lide sou divès tèm n ap jwenn nan dènye chapit liv la. Kon sa tou, nou ka fè divès gwoup pou n reflechi sou menm tèm sa yo.

Men, sou ki baz travay la ap fèt?

Travay la ap fèt sou baz respè, patisipasyon ak echanj.

### **Respè**

- Mwen se yon granmoun.
- Se volonte m ki fè m vin nan sant lan.
- Mwen pa sòt, yo dwe gen anpil respè pou mwen.

### **Patisipasyon**

- Pran pawòl mwen an konsiderasyon.
- Pa deside pou mwen.
- Mwen fè anpil eksperyans nan lavi a.
- Koute m.
- Tande m.
- Mande m sa m panse.

### **Echanj**

- Mwen chaje esperyans ak anpil ladrès.
- Mwen ka pataje tout esperyans sa yo avè w.
- Mwen fè komès.
- Mwen se yon bòs mason.
- Mwen fè edikasyon pitit mwen.



## **7.- Kesyon nou ka reflechi sou yo**

### **7.1.-Kouman yon granmoun ka aprann?**

- Lè li santi l an konfyans.
- Lè yo bay pawòl li anpil valè.
- Lè sa l ap aprann nan pa depaman ak reyalitye a.

### **7.2.- Ki sa ki ka ba l baryè pou l aprann?**

- Pawòl depaman.
- Pawòl kwochi.
- Pwoblèm laj.
- Li ka pè patisipe.
- Move imaj li genyen sou lekòl tradisyonèl.
- Si monitè a toujou chwazi pou li epi fòse l akseptè.
- Pwoblèm pa tandè byen.
- Pwoblèm pa wè byen.

### **7.3.- Ki konpòtman yon granmoun k ap aprann genyen?**

- Yo konn pè patisipe.
- Yo konn pa fè tèt yo konfyans.
- Yo konn fatige.

Pa bliye, "travay w ap fè a p ap bay rezilta si w pa pèmèt granmoun yo pwodui, si w pa ankouraj yo kreye pwòp aktivite pa yo. E sa p ap posib, si travay sa a pa fèt nan respè. Ou dwe rekonèt ou se yon gid, yon fasilite pou yo. Se sa k ap pèmèt yo fè w konfyans pou yo chita tandè w. Toujou pèmèt yo patisipe nan tout seyans yo pou yo di sa yo panse "29.



## CHAPIT IV

### PREZANTASYON LIV APRANN NAN

Aprann li ak ekri se de pi bon chemen konesans nan lavi yon moun. Men pou yon moun aprann li ak ekri fòk gen bon jan mwayen ak materyèl ki prepare pou sa. Nan sans sa a, SEA prepare liv Aprann nan pou devlope kapasite sa yo kay moun ki pa konn li ak ekri yo. Kon sa, nou panse li enpòtan anpil pou nou prezante w liv sa a epi pou nou di w ki lide ki trase ladann.

#### 1.- Òganizasyon liv Aprann nan

Liv Aprann nan òganize yon fason k ap fasilite moun yo aprann vit e pi byen pandan 4 a 6 mwa. Liv Aprann nan devlope ann egzèsis, kote n ap toujou jwenn yon lide jeneral ki chita sou yon tèm. Nan lide jeneral la n ap pran mo ki ekri fonse a. Mo sa a ap dekoupe an silab pou rive nan yon son osinon yon lèt ki sèvi kòm objektif monitè a pou semèn nan. Menm lèt sa a kapab fòme lòt silab epi debouche sou yon lòt lide jeneral. Liv sa a sèvi pou lekti an menm tan li se yon kaye egzèsis ekriti tou.

#### 2.- Jan pou nou sèvi avèk liv Aprann nan

Gen divès aktivite yon monitè gen pou l fè nan sant lan. Men aktivite lekti ak ekriti a mache ak yon seri enstriman ( logotip, senbòl ) ki fasilite aprantisaj la. Ann gade wòl ak enpòtans de ( 2 ) prensipal enstriman sa yo.

##### 2.1.- Senbòl yo


Nan liv patisipan an, n ap wè yon seri senbòl (desen) k ap endike patisipan yo jou. Senbòl sa yo se :



Balon

pou

lendi



Solèy

pou

madi



Moso lalin

pou

mèkredi



Zetwal

pou

jedi



Lanbi

pou

vandredi

Monitè a kapab sèvi tou ak chif ki bò kote senbòl yo pou entwodui premye nosyon matematik yo.



## 2.2.- Wòl foto yo nan liv Aprann nan.

Nan liv la foto yo jwe yon wòl enpòtan. Monitè a kapab sèvi avèk yo pou fè refleksyon epi brase lide sou tèm nan. Yo la pou ede patisipan yo dekouvri ki tèm k ap debat pandan semèn nan. Foto yo gen yon lòt enpòtans ankò, yo ede patisipan yo wè nan ki paj yo ye nan liv la.

## 3.- Prezantasyon logotip yo

Logotip yo se yon seri desen ki nan liv la pou oryante monitè a ak patisipan yo lè y ap fè egzèsis yo. Logotip yo toujou parèt agoch chak paj liv la. Kidonk, se yo k ap montre patisipan yo, animatè a, kolaboratè a, oubyen monitè a sa yo dwe fè nan chak etap ki nan leson an. Se yon gid pou monitè a ak patisipan yo.



### Gade byen

Depi monitè a wè logotip sa a, se pou l mande patisipan yo gade tèks oubyen desen ki nan liv la. Desen sa a envite patisipan an sèvi ak je l, yon zouti ki enpòtan anpil nan aprantisaj granmoun yo.




### Gade byen epi repete

Logo sa a fè patisipan an wè se pou l gade fòm lèt li pral li yo byen epi pou l repete yo aprè. Pa bliye monitè a pa dwe chita fè patisipan an repete tankou jako repèt. Patisipan yo dwe li pi plis pase monitè a.




### Koute lide a, fraz la oubyen silab la epi repete yo

Avan nou aprann pale se koute nou aprann koute. Logo sa a mande patisipan an pou l louvri zòrèy li pou l tande epi pou l repete sa l tande a.



### Reflechi sou kèk keksyon epi eseye reponn yo

Keksyon sa yo enpòtan anpil. Se pou monitè a sèvi ak kesyon sa yo pou l ankouraje patisipan an bay lide l sou tèm yo.



### Koute, chache epi montre

Nan egzèsis zòrèy dwèt la, patisipan an ap fè twa mouvman :

L ap tande chak mo monitè a li

L ap chèche mo a nan lis mo yo

L ap touche mo a ak dwèt li oubyen l ap pase kreyon l anba l.



### Gade byen epi ekri

Depi patisipan an wè desen sa yo, l ap gade fòm lèt yo byen pou l kapab swa kopye mo yo oubyen konplete fraz ki gen mank.





### **Li epi koute**

Nan egzèsis liv zòrèy la, monitè a ap li yon tèks epi patisipan an ap louvri zòrèy li pou l koute tèks la byen. Anpil fwa, tèks sa yo chaje ak mesaj k ap itil patisipan yo.



### **Koute epi ekri**

Nan egzèsis zòrèy kreyon an, patisipan an ap koute epi l ap ekri sa l tande a. Egzèsis sa a ap ede patisipan an devlope kapasite pou l ekri sa l tande epi pou l pran nòt.



### **Kontwòl konesans ak revizyon**

Desen sa a fè patisipan an konnen egzèsis li pral fè a se yon devwa. Lè l al patisipe nan rankont prezansyèl yo se pou l fè monitè a kontwole si li fè gòl, sa vle di si l fè sa yo mande l fè a byen.



### **Koute epi fè dyalòg**

Desen sa a fè patisipan an konnen li dwe koute dyalòg la epi pou l reflechi sou sa k ap pale yo.

Monitè a dwe sèvi ak modèl dyalòg ki nan liv patisipan an pou l monte ti sèn kote patisipan ap fè dyalòg youn ak lòt.

Yon monitè dwe bay logotip yo anpil enpòtans pandan y ap aprann granmoun li ak ekri. Yo dwe sonje se sèvi y ap sèvi ak logotip yo pou rann aprantisaj la pi fasil. Yo pa gen pou yo aprann granmoun yo logotip yo tankou yon leson.



## CHAPIT V

### TEKNIK LEKTI AK EKRTI

Aktivite lekti ak ekrti se de (2) aktivite ki mache kòtakòt. Chapit sa a devlope divès teknik pou nou rive montre patisipan nou yo li ak ekri san pèdi tan.

#### 1.- Enpòtans lekti

Eksperyans montre, lekti se youn nan pi gwo mwayen ki genyen pou yon moun jwenn konesans. Li devlope memwa, li fè moun vin pi entèlijan. Li devlope lespri moun. Kidonk, li rann moun nan vin pi aktif epi pi pwodiktif. Nan refleksyon Pwofesè Iv Dejan li fè remake :

"Aprann li mennen konn li.

Konn li mennen li.


Konnen li mennen li anpil.

Li anpil mennen konnen.

Konnen mennen konnen plis"<sup>30</sup>.

Nan menm lide sa a, nou kapab di lekti ede moun fonksyone pi byen, li pèmèt yon moun vin pi kiltive. Li pèmèt yon moun patisipe danble nan tout desizyon k ap pran pou zòn kote l ap viv la. Men, fòk nou rekonèt gen plizyè etap nan aprantisaj la.

#### 2.- Divès etap ki genyen nan aktivite aprann li ak ekri a



#### 3.- Teknik pou nou montre patisipan yo li san pèdi tan

Nan premye rankont lan, n ap ekri non chak patisipan sou yon mòso bristòl e n ap ba yo li pou y al gade jan non yo ekri. Y ap tounen avè l nan dezyèm rankont lan. Lè yo tounen avèk moso bristòl la, n ap fè chak patisipan rekonèt vwayèl ki nan non yo. N ap montre yo menm vwayèl sa yo



nan liv yo a jouk yo rive konprann se menm vwayèl sa yo ki nan divès mo ki gényen. Aprè sa n ap melanje mòso bristòl yo pou yo chak chwazi non pa yo. Sa ap ba yo enpresyon yo kòmanse ka li paske yo kòmanse rekonèt kèk lèt ki nan non yo. "Tout sa patisipan yo li fè yo ekri l tou"<sup>31</sup>.

Sonje, lè w ap montre patisipan yo li, pa fè yo li lèt degrennen.

- Ou kapab fè yo li vwayèl yo, paske gen vwayèl ki gen valè yon mo.

Ou ka li  
Li pa a lè  
O gade li

- Pa janm fè yo li konsòn yo separe. Ni pa fè yo li lèt degrennen tankou :

l a fè la t e fè te  
b an fè ban a l fè al

- Sistèm son ak sistèm òtograf kreyòl la pèmèt nou detache tout mo yo an silab.

Se silab pou n montre patisipan yo li se pa lèt degrennen.

### Egzanp

Li pale panyòl  
li  
pa le  
pan yòl

Demmen maten se jou mache  
de men  
ma ten  
se jou  
ma che

- "Pou w montre yon moun sa li poko konnen, fòk ou sèvi avèk sa l konnen deja, epi avèk sa l abitye tande"<sup>32</sup>.

Kòmanse fè granmoun yo li mo ki gen yon sèl son oubyen yon sèl gwoup son (silab), aprè fè yo li sa k gen de silab jouk yo rive ka li tout kalite mo.

**Egzanp :** ou  a  en   
bale  chita  mande   
depale  obeyi  repete   
ankouraje   
desantralize

Sonje, se avèk tèks n ap kòmanse fè moun yo aprann li. Tèks yo ekri yon fason pou yo fè moun k ap aprann nan anvì aprann, y ap ede l obsève sifisyasyon l ap viv la, y ap ede l fè dyalòg, y ap ede l pataje lide l, y ap ede l fè refleksyon pa l. Tèks oubyen tèm sa yo soti nan rezilta travay ankèt ki montre tèm ki pi enpòtan yo tankou: lasante, liyèn, lavi, pwoteksyon anviwònman peyi d Ayiti, eksetera. Tèm sa yo pa long epi yo marye ak reyalyte lavi patisipan yo.




Evite ri si yon patisipan mal pwononse yon mo. Evite sèvi avèk pawòl k ap dekouraje patisipan an. Pa prese li nan plas patisipan an, lè l kole nan yon mo, pito w fè lòt patisipan yo ede l, si ou wè l p ap ka li mo a.

Yon patisipan ki gen difikilte avèk yon mo kapab mande yon lòt patisipan pou l ede l. Kon sa, brase lide ap fèt pou chache limyè ant patisipan yo ak monitè a lè sa nesesè.




#### 4.- Jan pou nou kòmanse aktivite ekriti a

Ekriti se mwayen nou itilize pou nou reprezante lide nou yo sou papye. Nan aktivite ekriti a gen pwodui, gen repwodui.

N ap kòmanse fè yo nwasi kèk desen ki senp tankou :



Après sa n ap fè desen yo an plizyè ti pwon pou n fè patisipan yo pase kreyon sou yo.





N ap pousuiv ak yon ti egzèsis byen senp. N ap fè yo desine fòm nou pral jwenn la yo :



Ann gade byen :

Ni lèt alfabè yo ni chif yo fèt ak fòm senp sa yo :

Vwayèl : a e i o è ò

ou an en on

Demi vwayèl : w y ui

Konsòn : b c h d f g h j k l m n p r s t v z

Chif yo : 1 2 3 4 5 6 7 8 9 0

Toujou sonje:

- Montre patisipan yo ekri an lèt detache. Pa kritike yo poutèt ekriti yo pa bèl. Gen anpil gwo doktè ak gwo save ki bay lòt moun anpil pwoblèm pou yo li ekriti yo.
- Anvan yo rive nan nwasi desen yo, li ta bon pou monitè a ta fè anpil lòt egzèsis "lateralizasyon" ( dwat, gòch, anwo, anba ). Egzèsis sa yo ta dwe kontinye pandan tout dire aprantisaj la ( pou degoudi men ak dwèt patisipan yo pi plis toujou ).
- W ap kòmanse montre moun yo kopye aprè sa w ap ankouraje yo ekri. Y ap ekri non yo, y ap ekri mo yo konnen, y ap ekri sa k ap pase nan tèt yo, eksetera.

Pou n fini, toujou sèvi ak modèl ekriti "ti wonn, ti baton an" pou w ekri tout sa w ap ekri pou patisipan yo.

## 5.- Dewoulman aktivite yo andedan sant lan

Gen divès aktivite yon monitè kapab reyalize pandan 2èd tan ak patisipan yo. Men, pou li atenn objektif li. Li dwe òganize l pou l fè aktivite sa yo :

Aktivite 1 :	Kontwòl prezans patisipan yo ak rapèl sou sa ki te fèt yè a
Aktivite 2 :	Ti deba sou tèm egzèsis jou a
Aktivite 3 :	Lekti an gwoup
Aktivite 4 :	Repwodiksyon fòm lèt, mo, fraz /pwodiksyon
Aktivite 5 :	Lekti youn aprè lòt
Aktivite 6 :	Koreksyon / Evalyasyon Ranfòsman / Mo ankourajman

**Remak :** Monitè a ap ekri tout sa l ap fè patisipan yo li sou tablo, paske nan kòmansman travay la yo p ap ka li nan liv la sèlman.



"Li enpòtan anpil pou n sèvi ak yon seri materyèl tankou: kat, desen, foto, afich lè n ap montre patisipan yo li, paske sa ap ede yo konprann sa y ap li a pi vit, y ap kominike pi plis pandan y ap itilize yon langaj ki senp, yon langaj ki dirèk. Zouti sa yo ap ede patisipan yo wè ki relasyon ki genyen ant esperyans ki fèt nan sosyete a ak esperyans pèsònèl yo"<sup>33</sup>.

Pa bliye, moun ki pa konn li ak ekri pa vle di moun ki pa konn anyen ditou. Gen yon seri konesans de baz yo ranmase nan lavi toulejou ki ka ede yo aprann li nan yon ti bout tan.

Lè w sèvi ak esperyans moun ki pa konn li ak ekri genyen nan sosyete a, sa ede aktivite aprann nan fèt pi vit, sa fè moun k ap aprann nan pi enterese.

Pa bliye, chak vandredi oubyen senkyèm jou a w ap gen pou w fè yon ranmase sou pwogram semèn nan.



## CHAPIT VI

### EVALYASYON

Evalyasyon enpòtan anpil pou aktivite aprann nan byen mache. Se yon aktivite k ap gen pou fèt pandan plizyè moman oubyen plizyè peryòd nan pwogram nan. Chapit sa a ap prezante nou, diferan moman sa yo ak kèk modèl evalyasyon.

#### 1.- Diferan moman evalyasyon yo

"Gen twa (3) tès evalyasyon nan pwogram nan: youn avan, youn nan mitan epi youn nan fen pwogram nan"<sup>34</sup>.

##### 1.1.- Premye tès la

Tès sa a ap ede monitè a wè ki patisipan ki pa konn anyen nan li ak ekri a epi l ap ede l wè ki patisipan ki konn kichòy deja.

##### 1.2.- Dezyèm tès la

Dezyèm tès la, yo fè l lè yo rive nan mitan pwogram nan. Tès sa a pèmèt nou wè pwogrè patisipan yo fè. Li pèmèt nou kontwole si patisipan yo gen kèk difikilte, pou n ka pran mezi ki nesèsè pou nou rive jwenn bon rezilta.

##### 1.3.- Tès final la

Tès sa a ap pèmèt nou wè si nou rive alfabetize patisipan nou yo. Men, evalyasyon sa a ap fèt lè yo fin wè tout egzèsis ki nan liv Aprann nan. Se pa sèlman pwogram nan nou dwe evalye, fòk nou kontwole :

Òganizasyon teknik pwogram nan.

Kantite patisipan.

Òganizasyon metodolojik pwogram nan.

Pa bliye: gen yon aktivite evalyasyon ki dwe fèt nan chak rankont monitè a ap gen pou l fè ak patisipan li yo. Se li nou rele evalyasyon sistèmatis la.

"Men avan, fòk nou rekonèt gen de (2) gwoup analfabèt: moun ki pa konn li ak ekri ditou, moun ki konn kichòy nan li ak ekri e ki kapab debouye yo"<sup>35</sup>.

#### 2.- Premye rankont ak patisipan yo

Rankont sa a genyen yon kokennchenn valè akòz enpòtans l ap genyen pou travay aprantisaj la. Nan semèn sa a, si se nan kad alfa a distans, radyo a ap bay enfòmasyon, sou tèm yo pral trete yo, sou lè emisyon an ap pase, sou konbyen fwa y ap pase pwogram nan, sou



monitè yo, sou materyèl yo pral itilize nan aktivite aprann li ak ekri a, sou ki jan rankont yo pral fèt. Si se nan alfa prezansyèl monitè a ap bay patisipan yo tout enfòmasyon ki nesèsè. Ki sa monitè a ap fè nan premye rankont lan?

## 2.1.- Enskripsyon patisipan yo

Enskri non tout moun ki pran desizyon vini nan lokal kote nou chwazi pou nou òganize rankont yo. Pou nou fè sa, n ap gen yon fich enskripsyon n ap ranpli pou yo.

N ap fè yon ti chita pale avèk patisipan yo pou yo ka di nou pou ki rezon yo vin aprann li ak ekri. Nou pa gen dwa janm rele patisipan sa yo analfabèt. Pa janm bliye sa.

N ap fè yon ti tès pou n ka tcheke sa yo konnen. Nou pa dwe fè patisipan an konnen se yon tès n ap ba li. Rezon ki fè n fè ti tès la, se pou n ka konnen ki lès ki pa konn li ak ekri menm, kilès k ap bezwen nou ba yo plis èd epi kilès ki ka degaje yo nan li ak ekri. Sonje, patisipan nou yo p ap renmen nou fè yo pase egzamen, fòk nou sèvi ak imajinasyon n lè n nan yon sitiyasyon kon sa, fò n jwe tankou aktè k ap jwe teyat.

## 2.2.- Distribisyon materyèl

Aprè monitè a fin enskri non patisipan yo, li fè dosye pou yo, l ap gen pou li ba yo materyèl y ap bezwen pou yo travay. L ap eksplike yo ki jan materyèl la òganize, epi ba yo kèk lide sou leson yo pral genyen pou yo etidye lòt semèn nan. Pa bliye, patisipan yo p ap bay senkòb pou yo jwenn materyèl y ap bezwen yo.

## 3.- Men kèk modèl egzèsis evalyasyon

### Egzèsis 1

Depi nan premye rankont ak moun yo  
w ap mande yo pou yo eseye ekri enfòmasyon sa yo

Non .....

Siyati .....

Gason  Fi

Adrès .....

Dat .....




Non ak siyati evalyatè a \_\_\_\_\_





## Egzèsis 2



NWASI DESEN SA YO AK KREYON W



PASE KREYON W SOU DESEN KI FÈT AK PLIZYÈ TI PWEN YO




PASE KREYON W SOU DESEN KI FÈT AK TI PWEN YO





### Egzèsis 3




KOPYE MO OU WÈ YO

ou \_\_\_\_\_


ale \_\_\_\_\_

lekòl \_\_\_\_\_

alfa \_\_\_\_\_



EKRI SA CHAK DESEN SA YO YE



\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_


\_\_\_\_\_



\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



TANDÉ EPI MONTRE

nou

bouke

dan

pale


rele

ri

depi

ban

en



LI FRAZ SA YO

Nou ka li.

Nou gen yon fanmi.

Nou ka ekri.

Tout moun gen yon bon zanmi.



## Egzèsis 4



TANDE EPI MONTRE

fanmi

nou

pale

lekòl

renmen

mande

li

danse

edikasyon



EKRI

an \_\_\_\_\_

en \_\_\_\_\_

ou \_\_\_\_\_

i \_\_\_\_\_

bourèt \_\_\_\_\_

sante \_\_\_\_\_

kominote \_\_\_\_\_

Chwazi youn nan de mo sa yo epi konplete chak fraz ak mo w chwazi a:

a-) melon

b-) wòch

1- Nou renmen manje.....dlo.

a-) manje

b-) lanmè

2- Byen manje pa di.....anpil

a-) rad

b-) manje

3- Pa kite .....sal sou timoun yo.



## 4.- Demach pou yon bon evalyasyon

Pou nou evalye yon sant, li enpòtan anpil pou n konnen responsablite chak moun k ap patisipe nan travay la. Ki jan n ka planifye travay sa a, e ki mwayen lojistik ki nesese pou nou rive fè sa?

### 4.1.- Planifikasyon evalyasyon yo

Pou yon klas alfa rive evalye, monitè a dwe kontakte sipèvizè/fòmateur a k ap gen pou li verifye nan dosye patisipan an si yo pare pou sibi tès la toutbon vre. Sipèvizè a ap gen pou li planifye ansanm ak responsab fòmasyon an jou, mwa, k ap bon pou travay sa a fèt. Nan yon ti tan ki pa twò lwen gen bon dispozisyon k ap pran pou materyèl evalyasyon an pare, epi teknisyen SEA ak sipèvizè a ap vin evalye sant lan. Kidonk, monitè a gen pou li bay adrès sant lan klè yon fason pou sipèvizè a kapab jwenn sant lan san okenn difikilte.

### 4.2.- Mwayen lojistik

De (2) eleman enpòtan k ap pèmèt travay evalyasyon an rive fèt nan bon kondisyon, se lokal pou evalye patisipan yo ak lè pou evalyasyon yo fèt, sa vle di :

- Fòk gen bon jan espas pou patisipan yo pase tès la.
- Fòk patisipan yo jwenn ban pou yo chita, yon fason pou yo kapab alèz pou yo ekri san difikilte.
- Evalyasyon an pa dwe fèt jou aktivite, tankou : gagè, mache, fèt patwonaj zòn nan.
- Si gen plizyè sant nan menm zòn, epi ta genyen yon lòt lokal disponib (lekòl, legliz), li ta bon pou evalyatè yo gwoupe tout sant sa yo ansanm yon fason pou n ka fasilite travay evalyasyon an, epi sa t ap pèmèt nou ekonomize tan tou.
- Fòk evalyatè a rive nan lokal evalyasyon an anvan patisipan, paske evalyasyon an dwe fèt bonè nan aprè midi pou evite fènwa.

Lè patisipan an remèt fèy la, evalyatè a ap verifye si non ak siyati patisipan an ekri klè. Sou fèy patisipan ki fini an premye a evalyatè a ap ekri konbyen tan sa te pran pou patisipan an te pase tès la: 20 minit, 30 minit, 1èd tan.

Pa bliye, se lè yo fin fè tout egzèsis yo, se lè yo ka li lòt dokiman nou kapab di yo konn li ak ekri toutbon vre.



# CHAPIT VII

## MATEMATIK

Gen anpil patisipan ki vin nan pwogram alfabetizasyon an yon fason pou yo kapab kontwole aktivite lajan yo pi byen. Kidonk, yo plis bezwen premye nosyon matematik yo. Chapit sa a montre yon monitè ki jan pou l fè aktivite matematik avèk patisipan yo.

### 1.- Nan ki moman monitè a ka kòmanse aktivite kalkil yo?

Matematik la kòmanse nan egzèsis 25 nan liv Aprann lan. Yo kòmanse fè patisipan yo tandè, gade epi repete chif zewo jiska nèf. Kon sa, monitè a ap sèvi ak tablo pou fè patisipan yo rekonèt chif la pou l kapab fè aktivite sa a pi byen.

- Monitè a ap mande patisipan yo gade jan chif sa yo ekri an lèt.
- Monitè a ap fè patisipan yo gade epi kopye mo ak chif sa yo.
- Monitè a ap poze kesyon pratik epi fè refleksyon sou aprantisaj jounen an.
- Monitè a ap ekri kèk chif epi l ap mande pou patisipan yo ekri chif sa yo an lèt.

**Egzanp :**      40                              15                              17  
                    Karant                              kenz                              disèt

Aktivite matematik la kòmanse pran jarèt toutbon nan egzèsis 43 nan liv Aprann nan .

- Patisipan yo kòmanse fè pwoblèm sou adisyon.
- Patisipan yo kòmanse aprann 2 siy aritmektik "+" ak "-". Yo sèvi ak nosyon "pil" ak "lo" pou simaye konesans lan. Kidonk, yo sèvi ak materyèl ki nan alantou patisipan yo. Tankou: mango, ze, mamit diri, pwa pou yo ka fè kalkil matematik yo.

### 2.- Fason monitè a ap kapab fè egzèsis kalkil yo

#### 2.1.- Adisyon

Adisyon vle di n ap mete sou sa nou genyen deja.

**Egzanp :**       $4 + 3 = 7$

Yo gen dwa youn sou lòt tou

**Egzanp :**      4  
                    + 3  
                    ———  
                    7



Lè nou prezante yo sou dezyèm fòm sa a fòk nou toujou mete inite anba inite, dizèn anba dizèn, eksetera.

**Egzanp :**

$$\begin{array}{r} 23 \\ + 36 \\ \hline 59 \end{array}$$

Nan chif 23, 3 se inite e 2 se dizèn e nan chif **36**, 6 se inite e 3 se dizèn.

## 2.2.- Soustraksyon

Soustraksyon vle di wete nan sa k genyen. Menm jan nou kapab mete sou sa nou genyen (adisyon), nou kapab wete nan sa nou genyen tou (soustraksyon). Egzanp : nou gen 5 goud nou wete 3 goud ladann, nou vin gen mwens (-) kòb. Se sa yo rele soustraksyon.

Lè n ap fè soustraksyon, se chif ki anba a n ap wete nan sa ki anwo a. Chif ki anba a dwe pi piti pase sa k anlè a.

Menm jan ak adisyon, soustraksyon kapab dispoze 2 fason tou.

Fòm (1)  $5 - 3 = 2$


Fòm (2)

$$\begin{array}{r} 5 \\ - 3 \\ \hline 2 \end{array}$$

Lè n ap fè soustraksyon nou dwe toujou sonje pou n mete inite anba inite, dizèn anba dizèn.

## 2.3.- Miliplikasyon

Miliplikasyon se yon chemen dekoupe pou nou kontwòle sa nou genyen, pi vit. Nou gen 4 lo ze, chak lo gen 3 ze, nou wè konbyen ze ki genyen.



Nou kapab di se:  $3 + 3 + 3 + 3 = 12$ , sa a se adisyon. Chemen sa a twò long.



Gen yon chemen ki pi kout ki ka ede nou kontwole ze yo pi vit. Ann gade konbyen ze ki genyen nan yon lo, epi ann gade konbyen lo ki genyen.

Gen 4 lo ze, chak lo gen 3 ze. Pou n ka kontwole ze yo pi vit nou ka di 4 fwa 3 egal 12.

Se sa yo rele miltiplikasyon. E se sa k fè nou di li se yon chemen dekoupe pou n kontwole sa nou genyen pi vit.

**Egzanp:** 4 miltipliye pa 3 = 12


$$4 \times 3 = 12$$

Monitè a dwe di patisipan yo lè y ap fè miltiplikasyon, siy nan prezante sou fòm " x ".

## 2.4.- Divizyon

Divizyon se operasyon ki pèmèt nou separe sa nou genyen si nou vle chak moun jwenn menm kantite.

**Egzanp:** yon papa gen 2 pitit, li kite 4 kawo tè pou yo, ki kantite tè chak pitit ap jwenn?



Chak pitit ap jwenn de (2) kawo tè.

Lè n ap fè divizyon, siy lan prezante sou fòm sa a: + epi nou mete chif yo kon sa :

**Egzanp:**  $4 \div 2 = 2$

oubyen

$$4 \left| \begin{array}{r} 2 \\ \hline 2 \end{array} \right.$$

**Egzanp :** yon manman gen 2 pitit, li antre sot nan jaden avèk 8 mango, li mande pou chak pitit yo pran menm kantite mango. Men ki jan separasyon an ap fèt.

$$8 \text{ mango} \div 2 \text{ pitit} = 4 \text{ mango pou chak pitit.}$$

Ki vle di, chak pitit ap jwenn 4 mango.

## 3.- Kèk konsiderasyon espesyal

Lè n ap fè adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon nou dwe kòmanse ak dènye chif ki adwat la. Epi "lè n ap fè kalkil ak patisipan yo se pou n sèvi ak egzantp ki klè pou yo rive rekonèt chif yo epi fè kalkil aritmetik yo"<sup>36</sup>.

Pa janm bliye : aktivite matematik la dwe marye ak tout lòt aktivite li ak ekri k ap fèt anndan sant lan. Epi, monitè yo pa dwe aprann patisipan yo kat (4) operasyon yo yon sèl kou.



## CHAPIT VIII

### ALFA RADYO

Nan peyi d Ayiti radyo se youn nan pi gwo zouti ki genyen pou nou simaye konesans ak enfòmasyon nan tout rakwen. Gras a travay tèt ansanm peyi d Ayiti ak peyi Kiba, Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon an sèvi ak radyo pou montre jèn moun ak granmoun li ak ekri. Nou rele mòd alfa sa a: "Alfa Radyo". Chapit sa a montre ki jan aktivite Alfa radyo a ap fèt.

#### 1.- Ki sa Alfa radyo a ye?

Alfa radyo vle di: "Sèvi ak radyo pou fè alfabetizasyon. N ap pwofite di w se pa radyo sèlman yo ka itilize pou fè alfa, yo ka sèvi ak televizyon tou"<sup>37</sup>.

Pou sa rive fèt kòmsadwa, nou dwe mete yon sistèm kanpe kote chak eleman ki nan sistèm nan ap jwe wòl pa l pou n sèten travay la fèt jan l dwe fèt la.

#### 2.- Wòl monitè a nan pwogram Alfa radyo a

Monitè a gen yon gwo wòl pou l jwe pou pwogram "alfa radyo" a bay rezilta n ap chèche d.

Men kèk nan wòl li yo :

- Sansibilize patisipan yo epi motive yo.
- Monte dosye patisipan yo epi jere yo.
- Vizite patisipan yo kote y ap tande emisyon klas radyo a.
- Òganize rankont fasafas yo.
- Patisipe nan travay evalyasyon yo.
- Mete ti mouvman koperativ sou pye nan tèt ansanm ak patisipan yo.
- Bay sipèvizè a konkou nan travay sipèvizyon an.
- Koute emisyon klas radyo yo.
- Fè tout aktivite ki nan egzèsis yo.

#### 3.- Ak ki materyèl n ap sèvi nan pwogram nan?

Nan pwogram nan n ap sèvi ak de (2) zouti enpòtan:

- Liv Anseye a.
- Liv Aprann nan.

#### 4.- Fòmasyon monitè

Monitè a ap resevwa de ( 2 ) kalite fòmasyon: fòmasyon inisyalyal, fòmasyon resiklaj.



#### 4.1.- Fòmasyon inisyal

Se yon fòmasyon monitè a ap resevwa avan li kòmanse travay ak granmoun yo. Pandan fòmasyon sa a, fòmasyon ap eksplike monitè a ki sa alfa radyo a ye epi sou ki sa li chita, ki jan l ap fèt, ki wòl chak eleman epi ki wòl chak aktè ki nan pwogram nan.

#### 4.2.- Fòmasyon resiklaj

Fòmasyon resiklaj se yon fòmasyon ki fèt pou pèmèt monitè yo vin pi pèfòman nan aktivite travay ak granmoun nan. Fòmasyon sa a fèt lè sipèvizè fòmasyon a konstate monitè a pa aplike prensip ak teknik yo kòm sadwa. Lè sa a, sipèvizè fòmasyon a oblije mande pou SEA òganize yon seyans fòmasyon pou monitè sa yo.

#### 5.- Enskripsyon patisipan

Menm jan ak pwogram alfa prezansyèl la, ou pa ka chwazi nenpòt ki moun pou patisipe nan pwogram alfa a distans lan. Se moun ki sansibilize, ki motive, ki dakò pou yo pase yon ti tès, ki rete nan zòn kote alfa radyo a pral fèt la. Se moun sa yo menm ki dwe enskri nan pwogram nan.

*Men yon seri enfòmasyon w ap mande moun nan, nan moman w ap montre l enpòtans pwogram nan :*

- Ki aktivite w ap mennen?
- Ki lè w sòti lakay ou lè maten?
- Ki lè w rantre nan jounen an?
- Ki lè w rantre nan aprè midi?
- Ki lè w rantre lè swa?
- Ki radyo ou plis koute?

Pa bliye ekri adrès kay chak patisipan nan dosye w ap prepare pou yo a.

#### 6.- Jan klas la ap fèt

Klas alfa radyo yo la pou yo :

- Ede patisipan yo aprann li ak ekri lakay yo.
- Fè fòmasyon resiklaj pou monitè k ap tande emisyon yo.
- Ede koze alfabetizasyon an gaye nan tout kominote a.

Pandan leson yo ap pase nan radyo, patisipan yo ap koute lakay yo, oswa yon kote yo chwazi ansanm. Chak leson ap pase nan radyo a 2 fwa pou jounen an, maten ak aprè midi pandan 30 minit. Patisipan yo ap gen liv Aprann nan pou yo ka suiv epi pou yo ka fè sa fòmasyon ki nan radyo a mande yo fè pandan pwogram nan ap pase a.

Genyen 54 emisyon alfa radyo: 2 emisyon sansibilizasyon, 52 klas radyo. Lè vandredi oubyen senkyèm jou a, radyo a p ap pase emisyon alfa radyo a.

Fòk nou pa bliye, gen moun ki enskri nan pwogram nan ki timid, ki pè. Genyen ki pa ta renmen moun wè se nan laj yo rive a y ap aprann li ak ekri. Malgre tout atitid ak tout konpòtman sa yo, yo enterese patisipe nan pwogram nan kanmenm.



Depi moun sa yo pran kontak ak monitè yo, depi yo eksplike difikilte yo genyen, monitè yo ap ankouraje yo patisipe nan pwogram nan. Lè sa a, se monitè a ki pral travay ak moun sa yo lakay yo nan yon lè yo deside ansanm. Monitè yo gen wòl pou yo garanti reyalizasyon travay la.

## **7.- Travay monitè a ap gen pou l fè nan rankont fasafas yo**

Jou rankont fasafas la, yon monitè kapab travay ak 40 patisipan. Se pa yon obligasyon pou yon monitè travay ak 40 patisipan, li kapab divize gwoup la pou l travay avèk yo. L ap fè gwoup 20 epi l ap travay ak chak gwoup nan yon lè apa.

Men travay monitè a dwe fè nan rankont fasafas la :

- Kontwole liv patisipan yo pou l wè si yo te suiv leson ki te pase nan semèn nan.
- Fè yo fè dyalòg sou tèm leson yo, pou l ka kontwole, nivo refleksyon ak nivo konesans yo sou tèm leson an.
- Fè yo li pou l ka wè si yo konprann, si yo kenbe kèk bagay.
- Fè yo ekri pou l kontwole fason yo kenbe kreyon, fason yo kenbe plim, pou l wè si yo byen sèvi ak teknik ti wonn ti baton an.

## **8.- Sipèvizyon pwogram nan**

Gen de (2) kalite sipèvizyon k ap fèt: yon premye sipèvizyon monitè a ap fè lakay patisipan yo pou li kontwole si patisipan yo ap koute emisyon an, si se yo toutbon vre ki fè travay pwofesè nan radyo a mande pou yo fè a.

Gen yon lòt sipèvizyon, sipèvizè fòmètè yo ap fè jou rankont fasafas la, pou yo gade si pwogram nan ka pran, si pwogram nan ap mache nòmalman, si monitè yo travay ak patisipan yo dapre fòmasyon yo resevwa a.

## **9.- Avantaj alfa radyo a**

Alfa radyo a prezante anpil avantaj tankou :

- Li pèmèt nou kreye yon anbyans alfabetizasyon nan peyi a, nan kad sansibilizasyon ak motivasyon SEA ap fè sou teren an.
- Li ede patisipan yo vin mèt tèt yo nan moman aprantisaj la. Paske yo pa depann sèlman de monitè a.
- L ap ankouraje monitè yo bay konkou yo nan travay la, paske monitè yo p ap pase anpil tan nan pòs ekout yo.
- L ap ofri moun ki jennen patisipe nan pwogram nan, yon ankadreman pou yo kapab patisipe.
- L ap sèvi tou pou li bay monitè, sipèvizè fòmètè, sipèvizè kominotè k ap travay sou teren an fòmasyon resiklaj.
- L ap ofri moun yo yon fòmasyon dyanm nan yon ti tan tou kout.

Pou nou fini, nou devlope tèm sa a, nan lide pou nou ede manm Komisyon depatmantal alfabetizasyon yo, Sipèvizè fòmètè, Sipèvizè kominotè ak monitè k ap patisipe nan pwogram nan fè travay yo pi byen.



## 10.- Kèk lòt konsèy pou bon òganizasyon travay la.

Men kèk konsèy pou n suiv nan òganizasyon aktivite alfa a :

1. Idantifye tout òganizasyon, tout koperativ oubyen tout patriyòt konsekan ki enterese patisipe nan travay la.
2. Òganize yon rankont ak reskonsab òganizasyon an oubyen ak moun ki enterese a pou w mande l :
  - Rekrute kandida pou monitè dapre kritè komisyon an ba ou a.
  - Chèche lokal pou klas alfa yo.
  - Fè enskripsyon patisipan yo.
3. Aprè premye fòmasyon monitè a fin fèt, epi aprè tout kondisyon nou sot site la yo reyini, Komisyon Depatmantal la ap remèt ou materyèl pou patisipan w yo.
4. Komisyon an ap pran tout dispozisyon pou reprezantan SEA yo fè ankadreman teknik klas alfa yo avèk tout zouti yo genyen pou sa pandan y ap respekte yon bon jan kalandriye vizit ak sipèvizyon ki fèt pou sa.
5. Aprè de (2) oubyen (3) mwa, klas alfa yo fè ap travay, reprezantan SEA yo ap fè yon premye evalyasyon. Nan kat (4) oubyen sis (6) mwa travay, reprezantan SEA yo ap fè evalyasyon final epi SEA ap remèt chak monitè, chak patisipan ak chak reskonsab ki te pran inisyativ pou louvri klas alfa yo yon sètifika.



## CHAPIT IX

### TÈM N AP DEVLOPE AK PATISIPAN YO

Pwogram Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon an mete sou pye a pa sèlman yon aktivite pou aprann patisipan yo li ak ekri. Li se yon pwogram k ap pèmèt yo brase lide sou tout sa ki konsène aktivite sosyal ak aktivite pèsònèl yo. L ap pèmèt yo bay dizon yo sou tout sa k ap pase nan alantou yo, sou pwoblèm y ap rankontre chak jou epi fason pou yo rezoud yo. Chapit sa a prezante dis (10) tèm monitè a ap gen pou l travay ak patisipan yo pou pèmèt yo reflechi. Sa ap pèmèt li kreye animasyon nan sant lan tou.

#### 1.- Lafanmi

Lafanmi se premye tèm monitè a ap gen pou li brase lide ak patisipan yo. Tèm sa a ap pèmèt patisipan yo reflechi sou relasyon ki dwe egziste nan mitan fanmi an e ki rapò ki dwe genyen ant yon fanmi ak yon kominote. Monitè a ap gen pou li brase lide sou tèm sa a sòti nan egzèsis 1 rive nan egzèsis 4.



Lafanmi

“Nan tout istwa limanite, lafanmi se enstitisyon ki pi ansyen ki genyen. Tout moun oubyen prèske tout moun gen de (2) fanmi. Yon kòd fanmi, sa vle di fanmi paran yo kreye a, epi yon lòt fanmi, fanmi sa a ki rasanble tout granmoun yo e se ladan l timoun yo resevwa edikasyon.”



Fòmasyon divès manm fanmi an resevwa epi lè gen timoun ki fèt nan fanmi an, se moman ki pi enpòtan nan lavi fanmi an.

Fanmi an gen anpil travay pou l fè, men, travay ki pi enpòtan li gen pou l fè se travay edikasyon. Edikasyon y ap bay timoun yo dwe fè timoun yo vin sitwayen k ap itil sosyete a e k ap ede yo jwe wòl paran y ap gen pou yo jwe a kòmsadwa.

Pou fanmi an ka rive fè travay edikasyon an toutbon vre, fòk li pran konsyans pa gen okenn lòt enstitisyon ki ka fè travay sa a nan plas li.

Se rezon sa a ki fè tout fanmi pa menm, chak fanmi gen kalite pa yo. Mete sou sa, yo pa gen menm kantite moun, relasyon ki egziste ant divès manm fanmi an, ant divès paran pa menm: ou gen dwa jwenn respè tankou w ka pa jwenn li, nivo ekonomik ak nivo kiltirèl yo pa menm, sa yo tou, pou fason fanmi yo bay patisipasyon yo nan kominote yo a epi nan sosyete a an jeneral.

## 2.- Premye lekòl

Premye lekòl se dezyèm tèm k ap pèmèt patisipan yo reflechi sou edikasyon fanmi an. Tèm sa a ap montre paran yo kòman li enpòtan pou yo bay timoun yo bon jan edikasyon. Li montre, premye lekòl timoun yo se fanmi an menm. Tèm sa a, monitè a ap reflechi sou li ak patisipan yo soti nan egzèsis 5 pou rive nan egzèsis 8.



**Premye lekòl**

“Lafanmi se premye lekòl pou tigason oubyen pou tifi. Paran yo se premye monitè yo genyen. Kon sa, li nesesè pou paran yo genyen bon jan konesans tankou: konn li ak konn ekri, pou yo kapab bay pitit yo bon jan edikasyon, pou yo kapab fè pitit yo pwofite eksperyans pa yo ki toujou pi plis pase sa pitit fi oubyen pitit gason an genyen.


Lafanmi se yon lekòl ki pa gen materyèl tankou: klas, lakrè, tablo, kaye. Nan lekòl sa a, nou pale, nou aji, petèt san nou pa wè. Tout aktivite sa yo chita sou edikasyon paran ap bay pitit yo.



Yon fanmi kote ki gen respè, konsiderasyon epi koutwazi ant manman ak papa ap fè timoun yo gen plis respè ak plis renmen pou pwochen yo e l ap fè yo vin moun ki byennelve".

### **3.- Sante fizik ak sante mantal**

Twazyèm tèmsa a: "sante fizik ak sante mantal" ap ede patisipan yo konnen ki jan pou yo kenbe kò yo ak lespri yo nan bon kondisyon. Tèm sa a devlope sòti nan egzèsis 9 pou rive nan egzèsis 16.



**Sante fizik ak sante mantal**

"Youn nan pi gwo devwa fanmi an genyen se bay timoun yo abitud k ap pwoteje sante fizik yo ak sante mantal yo.

Premye abitud timoun nan pran gen rapò ak sa li plis bezwen pou li viv tankou: dòmi, manje ak liyèn. Pou rezon sa a, depi timoun nan fèt li nesèsè pou nou fè l gen bon lizay epi pou nou montre l pi bon fason pou l viv ak moun nan sosyete a.


Pou timoun yo ka gen yon bon sante fizik, paran yo dwe konnen pou yo vaksinen timoun yo, yon fason pou yo pa trape yon seri maladi danjere oubyen pou yo pa mouri. Men, se pa sante fizik la sèlman timoun nan bezwen, sante mantal la se yon bagay ki nesèsè pou li tou.

Ki jan n kapab regle pwoblèm sante mantal la nan fanmi an. Depi yo tou piti, timoun yo kòmanse poze kesyon sou tout bagay. Yo kòmanse ap mande "ki sa sa ye"? jouk yo rive poze kesyon tankou: "Pou ki sa?". Granmoun k ap viv nan fanmi an dwe ankouraje anvi konnen sa a pou entelijans yo ka devlope. Pou rezon sa a ak pou lòt rezon ankò, paran yo dwe konn li ak ekri epi yo dwe bay timoun yo repons ki klè, repons ki enteresan, repons yo ka konprann".



#### 4.- Yon kay pwòp

"Yon kay pwòp". Tèm sa a, ap pèmèt monitè a brase lide ansanm ak patisipan yo pou l fè yo wè enpòtans sa genyen lè yo fè pwòpte nan kay yo. L ap ede yo dekouvri ki avantaj sa genyen lè yo pa trape vye mikwòb. Monitè a ap travay ak tèm sa a soti nan egzèsis 17 rive nan egzèsis 20.



Yon kay pwòp

"Se divès mikwòb ki pase nan bouch nou, nan pye nou, nan lè n ap respire a, nan dlo epi nan manje ki kontamine, ki antre nan kò nou ki fè nou malad. Nou kapab evite sa, si fanmi an sèvi ak bon jan metòd liyèn tankou: bouyi dlo n ap bwè a, lave men nou anvan n manje ak lè n fin fè bezwen nou, kenbe kò nou pwòp, prepare manje epi konsève yo nan bon kondisyon liyèn, kenbe kay la ak alantou kay la pwòp.

Se pa kay la sèlman ki dwe rete pwòp, fòk pwòpte sa a al pi lwen pase pòt kay la, paske se tout alantou kote kay la ye a ki kapab aji sou sante fanmi an.

Yo pa ta dwe kite manje y ap vann nan lari san kouvri. Lè nou sèvi ak bon jan metòd liyèn, chak jou, sa ap ede n pwoteje sante tout moun epi l ap ede n fè tout moun viv pi an sante ".

#### 5.- Edikasyon seksyèl fanmi an

Gras a tèm sa a, monitè a ap kapab reflechi ansanm ak patisipan yo sou youn nan pi gwo misyon paran yo genyen ki se pale ak timoun yo sou vye maladi yo kapab trape nan move kondisyon. Kon sa, y ap montre timoun yo danje ki genyen lè yo pa pwoteje tèt yo kont maladi sa yo. Tèm sa a devlope soti nan egzèsis 25 pou rive nan egzèsis 32.





### **Edikasyon seksyèl fanmi an**

"Tout fanmi dwe konnen gen yon maladi nan lemonn moun poko kapab trete. Moun ka trape maladi sa a nan kontak seksyèl oubyen lè yo pran san ki gen jèm maladi a. Se yon maladi ki lakòz plizyè milyon moun mouri.

Yo rele maladi a SIDA (Sendwòm Defisyans Iminite Aki). Sida a se yon viris k ap kraze sistèm pwoteksyon kò moun genyen pou l goumen ak tout mikwòb. Yon moun ki trape jèm SIDA a rive mouri paske kò li vin pèdi pouvwa li genyen pou l goumen ak maladi yo.


Fanmi an dwe konnen se nenpòt moun ki ka trape viris SIDA a. SIDA pa respekte ni laj, ni sèks, ni metye, ni pozisyon sosyal yon moun. Se konpòtman seksyèl chak moun ki ka pwoteje l. Fanm ansent ki trape viris la kapab bay pitit l ap akouche a viris la tou.

Tout paran dwe fè pitit yo konnen tout mwayen pou yo itilize pou yo pa trape SIDA epi yo dwe bay pitit yo yon edikasyon seksyèl kòrèk".

### **6.- Ki jan pou nou pwoteje anviwònman an?**

Avèk tèm sa a, monitè a ap brase lide ansanm ak patisipan yo sou bon jan dispozisyon chak sitwayen dwe pran pou yo pwoteje anviwònman an, pou yo konnen se devwa chak Ayisyen pou yo travay pou gen pyebwa sou tout mòn yo. Monitè a ap fè deba ansanm ak patisipan yo sou tèm sa a soti nan egzèsis 33 pou rive nan egzèsis 36.





### **Ki jan pou nou pwoteje anviwònman an?**

"Moun pa dwe fèmen je yo sou gwo danje ki menase anviwònman an.

Gason ak fi, jenn fi ak jenn gason, tifi ak ti gason dwe viv byen ak lanati. Kon sa, li enpòtan pou n chèche gen bon rapò, san fòs kote, ant sa k natirèl ak sa ki pa natirèl. Si n pa rive gen bon jan rapò sa a, nou p ap kapab kontinye viv sou tè a. Si pa gen yon anviwònman ki pwòp e ki rich, nou p ap ka viv an sante e nou p ap ka viv alèz.

Se nan fanmi an, ti gason ak tifi aprann renmen lanati anvan, epi se nan fanmi an tou, yo aprann pwoteje lanati. Se premye kote y ap aprann detui lanati e se premye kote yo aprann rayi lanati.

Depi se kote nou wè ki gen pyebwa, ki gen flè epi ki gen zèb nan vil yo, nou toujou santi se kote moun pwoteje anviwònman an. Kote n pa wè bagay sa yo ditou oubyen kote n pa prèske wè yo, montre nou se kote moun detui lanati.

Se tout moun ki responsab gwo danje k ap menase anviwònman an, menm lè ou fèmen je w sou gwo danje sa a".

### **7.- Bal popilè nan peyi d Ayiti**

Nan peyi d Ayiti, bal popilè se youn nan pi gwo mwayen ki genyen pou detann kò ak lespri moun. Li se ekspresyon kiltirèl pèp la tou. Pandan monitè a ap debat tèm sa a ak patisipan yo, l ap montre yo enpòtans sa genyen lè yo bay kilti peyi a valè. L ap montre yo kòman bal popilè ka pèmèt yo evite estrès, maladi kè, eksetera. Monitè a ap reflechi ansanm ak patisipan yo sou tèm sa a nan egzèsis 37 pou rive nan egzèsis 40.





**Bal popilè nan peyi d Ayiti**

"Kò moun bezwen repo ak detant. Anpil fwa, fòk lespri a al flannen, fòk li sispann kalkile epi fòk li sispann reflechi. Se pa pwoblèm travay ak move moman ki gen nan lavi a sèlman. Se sa ki fè, pou yon moun santi l byen epi pou l toujou gen yon bon sante mantal, fòk li viv yon vi ki pa chita sou yon sèl seri aktivite, fòk li viv yon vi ki itil epi fòk li viv yon vi ki agreyab.

Espò, distraksyon ak jwèt se aktivite ki ede moun pase bon moman. Moun ki fè aktivite sa yo oubyen ki pran plezi ladan yo toujou gen kè kontan e li fè yo anvi viv. Foutbòl se espò ki pi popilè ann Ayiti. Men, pou sa ki konsène aktivite atis ayisyen abitye fè, sa k pi popilè yo se: fè tablo, fè teyat, fè mizik epi fè dans. Pi fò dans fòklò ki genyen ann Ayiti sitou nan pwovens yo, sòti ann Afrik. Gen plizyè kalite dans e yo chak gen rit pa yo. Nan tout dans yo, nou jwenn: kongo, nago, ibo, petwo, djoumba, rabòday mayi, yanvalou, zarenyen. Nan chak dans sa yo, nou jwenn: vodou. Chak dans gen kout tanbou pa yo epi kout tanbou yo gen menm non ak dans yo. Anpil fwa se flit, graj ak tanbou yo pran pou yo fè dans sa yo. Kèk nan dans fòklò nou plis jwenn nan vil yo, tankou rabòday, sòti an Frans.

Nan kèk gwo kay ak kèk zòn lavil, nou jwenn lòt kalite dans. Kote sa yo, nou plis jwenn dans konpa djaz, e lè gen kanaval dans sa yo cho anpil. Nou konn jwenn kèk mizik ki soti ann Amerik Latin tou, tankou: bolewo, patcheko, tchatchatcha ak salsa, san n pa bliye "siye pye" ak dans twoubadou yo, lè y ap jwe gita. N ap remake, depi kèk tan djaz ayisyen yo sèvi ak rit vodou yo nan mizik popilè yo, yo rele kalite mizik sa a "mizik rasin".

Dans nou yo fè valè peyi a. Twoup dans nou yo danse dans sa yo kòm sadwa san yo pa oblije ap brase ren yo oubyen fè vye jès. Travay lekòl dans yo gen pou yo fè, se gade jan pèp la danse pou yo ka imite l, epi pran mouvman yo pou yo monte bèl dans balè ak bèl koregrafi. Se pa de plezi piblik la pa pran lè l ap asiste moun k ap danse dans sa yo".



## 8.- Aktivite atis nan peyi d Ayiti

Atis nan peyi d Ayiti, kit yo konn li ak ekri, kit yo pa konn li ak ekri, konn fè yon seri bagay menn moun ki konn li ak ekri fen pa ka fè si yo pa aprann fè sa. Se menm jan an, granmoun ki nan sant alfa yo gen yon pakèt kapasite pou yo pran inisyativ epi pwodui yon pakèt bagay tankou : chapo, panye, bwodri, eksetera. Andedan sant lan, monitè a ap reflechi ansanm ak patisipan yo sou tèm sa a pou li montre yo enpòtans sa genyen pou yo pwodui epi pou yo ankouraje atis yo nan travay y ap fè. Travay sa a ap fèt nan egzèsis 41 pou rive nan egzèsis 44.



**Aktivite atis nan peyi d Ayiti**

Pi fò atis ayisyen fè penti tou natirèlman, san yo pa aprann fè sa okenn kote. Nou pa jwenn anpil lekòl kote moun aprann fè sa. Epoutan, se pa de (2) atis ki chaje ak talan ki genyen e k ap fè bèl bagay. Ayiti se nimewo en (1) nan penti nayif. Yo menm di se nou ki kreye penti nayif la.

Sijè pent yo chwazi pou yo penn, koulè yo itilize, detay yo mete nan tablo yo, fè anpil moun ret bèbè. Yo fè tablo sou tout kalite sijè, e yo pa penn menm kalite tablo. Yo ekspoze tablo gwo pent ayisyen yo nan tout mize, nan tout galri ki genyen nan lemond. Men non kèk gwo atis ayisyen: Oben, Ipolit, Saven, Pen Chino, Sedò, Laza, Doda, Valsen, Wa, Alin, Jewòm, eksetera. Yo sòti nan tout vil nan peyi a.

Se tout kote nan lemond, yo apresye travay atis ayisyen, tankou: tablo, eskilti, pwodui atizana. Anpil pèp nan Karayib la eksplwate travay atis ayisyen yo. Lòt pèp sa yo konn pran pòz se travay pa yo, yo vann yo tankou se te travay pa yo, e yo sèvi avè yo kòm modèl.

Anpil fwa atis yo konn ekspoze travay yo bò lari. Tout moun kapab admire yo, men se domaj, paske pi fò moun k ap gade travay sa yo, pa konnen ni valè yo ni

bèlte yo. Se pou n aprann admire bèl tablo atis nou yo ap fè epi se pou n aprann apresye yo. Ann fè atis yo konpliman pou n ka ankouraje yo.

Ou menm k ap patisipe nan pwogram nan, ou ka yon gwo pent san w pa menm konn sa. Eseye fè ladrès ak men w, fè moun k ap viv bò kote w fè sa, pitit ou paregzanp.

## 9.- Konesans granmoun ayisyen yo genyen

Tèm sa a ap pèmèt patisipan yo brase lide sou divès konesans, ladrès ak eksperyans granmoun ayisyen yo genyen. Pandan y ap travay sou li, monitè a ap ede patisipan l yo wete nan tèt yo vye prejije ki ta fè konprann granmoun se moun ki fin vann, bak yo chavire. Sa ta vle di, yo pa itil anyen ankò. Modèl lide sa yo ka anpeche yo pwogrese nan travay la. Tèm sa a kòmanse nan egzèsis 45 pou l fini nan egzèsis 48.



"Gen yon peryòd enpòtan nan lavi yon moun yo rele lavi granmoun. Se nan peryòd sa a gason ak fanm gen posiblite pou yo pwodui pou tèt pa yo, pou fanmi yo epi pou sosyete a.

Se yon peryòd kote moun nan ranmase plis konesans ak plis eksperyans. Menm jan an tou, moun nan ap gen pou l simaye sa l rive aprann, bay lòt yo pandan tout rèz lavi l".

Men yon seri pwovèb ki fè n wè jan ayisyen yo konn anpil bagay :

1. Si w al twò vit jodi a ou p ap wè demen.
2. Moun ki swe pou ou, se pou li w chanje chemiz.
3. Baton ki bat chen nwa a, se li k ap bat chen blan an.
4. Dèyè mòn gen mòn.
5. Men anpil chay pa lou.
6. Mache chache pa dòmi san soupe.
7. Moun pa jete vye chodyè pou chodyè nèf.
8. Manman se pye bannann, tout fèy li yo ap vin mouri nan pye l.
9. Kat je kontre, manti kaba.
10. Fò w konnen kote w pral kache anvan w kouri.
11. Pa mande sa w pa ka fè.
12. Yon sèl dwèt pa manje kalalou.
13. Jou fèy la tonbe nan dlo se pa jou a li pouri.
14. Manje kuit pa gen mèt.
15. Pa janm bliye premye lapli ki fè mayi a leve a.
16. Si pou kiyè a al nan plat, fòk plat la vin jwenn kiyè a.
17. Bouch granmoun santi, men pawòl nan bouch yo pa santi.
18. Aprè bal tanbou lou.
19. Depi w gen mayi nan solèy, se pou w veye poul.
20. Baton ou genyen, se avèk li ou pare kou.

## 10.- Ayiti

"Ayiti" se denye tèm n ap devlope ak patisipan yo nan pwogram alfa debaz la. L ap pèmèt yo jwenn yon seri enfòmasyon sou peyi yo tankou: sityasyon jewografik li, istwa l, eksetera. Monitè a ap debat tèm sa a soti nan egzèsis 49 rive nan egzèsis 52.



Ayiti



"Peyi nou an, Repiblik d Ayiti, blayi kò l nan pati Lwès zile Ayiti a. Sou kote Nò peyi d Ayiti nou jwenn Oseyan Atlantik, sou bò Lès la nou jwenn Repiblik Dominikèn, sou bò Sid la nou jwenn Lanmè Karayib la epi sou bò Nòdwès la nou jwenn Kanal Divan ki separe l ak Kiba. Ayiti gen yon sipèfisi 27.750 km<sup>2</sup>, kapital li se Pòtoprens, pi gwo vil la.

Aprè Espayòl yo fin ale, yo te rele Ayiti: "La Perle des Antilles". Yo te ba l non sa a akòz nivo devlopman l, espesyalman nan branch agrikilti. Devlopman sa a te chita sou fòs ponyèt esklav yo ki sòti ann Afrik. Yo te goumen kont blan franse jouk yo rive premye janvyè 1804, yo te resi pran endepandans yo e se te premye repiblik nèg ki te rive pran libète l ak endepandans li. Pami zansèt ki te goumen pou ede Ayiti pran endepandans li nou jwenn : Touden, Desalin, Kristòf, Petyon, Kapwa Lamò, Gaba, Chanlat, eksetera.

Gwo peyi yo fè konplo kont Ayiti. Yo fòse l peye gwo lajan pou yo ka rekonèt endepandans sa a. Dèt sa a lakòz peyi a pa janm ka devlope. Anpil lòt move sitiyasyon lakòz peyi a plonje nan soudevlopman nèt ale tankou: lagè sivil, lit ant ti nwa ak ti wouj, chanje gouvènman youn aprè lòt, eksetera.

Sou gouvènman Estime ak Danyèl Fiyole, Ayiti retounen sèl mèt tèt li. Men, akòz gaspiyaj nan kès Leta, akòz politik gwo ponyèt yo, akòz mank teknik ak planifikasyon nan aparèy Leta a, peyi a pa fouti vanse sou chemen pwogrè.

An 1986 pèp la leve kanpe, li di fòk sa chanje. Jis jounen jodi a li kontinye ap batay pou chanjman sa a. Yon chanjman kote ki gen libète ak demokrasi, yon chanjman pou yon sosyete pi jis, kote tout moun gen dwa".



# ANÈKS



# Rezilta evalyasyon yo

## Premye egzèsis espesyal

Dat \_\_\_\_\_

Rezilta patisipan an \_\_\_\_\_

Moun ki fè evalyasyon an \_\_\_\_\_ Non monitè a \_\_\_\_\_

Remak \_\_\_\_\_

## Dezyèm egzèsis espesyal

Dat \_\_\_\_\_

Rezilta \_\_\_\_\_

Èske w kwè rezilta evalyasyon an koresponn ak sa patisipan yo aprann?

Moun ki fè evalyasyon an \_\_\_\_\_ Non monitè a \_\_\_\_\_

Remak \_\_\_\_\_

## Dènye egzèsis espesyal

Dat \_\_\_\_\_

Rezilta \_\_\_\_\_

Alfabetize \_\_\_\_\_ Nan ki tan? \_\_\_\_\_

Moun ki fè evalyasyon an \_\_\_\_\_ Non monitè a \_\_\_\_\_

Remak \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Siyati moun ki fin aprann li ak ekri a

\_\_\_\_\_  
Siyati moun ki fè evalyasyon an

\_\_\_\_\_  
Siyati monitè responsab la



# Fich enskripsyon

## Dosye patisipan

Dat \_\_\_\_\_

Siyati ak non \_\_\_\_\_

Laj li \_\_\_\_\_ Sèks : Fi  Gason  Eta sivil: Marye  Selibatè  Divòse

Adrès li \_\_\_\_\_

Depatman \_\_\_\_\_ Komin \_\_\_\_\_

Seksyon kominal \_\_\_\_\_ Katye \_\_\_\_\_

Ki aktivite l ap mennen? \_\_\_\_\_

Dat li kòmanse \_\_\_\_\_

Dat li fini pwogram nan \_\_\_\_\_

Adrès sant lan \_\_\_\_\_

Non monitè a \_\_\_\_\_

Mwa	Jou yo																																			
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25	26	27	28	29	30	31					
J																																				
F																																				
M																																				
A																																				
M																																				
J																																				
J																																				
O																																				
S																																				
O																																				
N																																				
D																																				

Valè jou ou travay \_\_\_\_\_



## Kalandriye Alfa Prezansyèl

Kalandriye sa a se yon zouti enpòtan k ap pèmèt monitè yo planifye tout aktivite y ap fè.

Semèn	Pwogram	Tèm	Egzèsis
1ye	Konesans, motivasyon, enskripsyon Egzèsis sikomotè, echanj sou tèm nan Evalyasyon, distribisyon materyèl	Fanmi	
2yèm paj 1 – 14	Aprantisaj pou ede patisipan yo li ak ekri a, o, i, e, an, k, l Egzèsis sikomotè Egzèsis degoudi men	Fanmi	1 a 4
3 yèm paj 15 – 31	Kòmansman ansèyman lekti ak ekriti en, a, p, n, f, s, g	Premye lekòl	5 a 8
4yèm paj 32 - 48	Kontinye ansèyman lekti ak ekriti d, y, v, s, z, e, t, on Egzèsis sikomotè Egzèsis degoudi men	Sante fizik	9 a 12
5yèm paj 49 – 66	Ansèyman lekti ak ekriti: m, b, j, ò, w	Sante mantal	3 a 16
6yèm paj 67 – 87	Ansèyman lekti ak ekriti: m, o, ò, w, on, bw, dw, pw, sy, kw, p, k, n, y, s, l Tout vwayèl yo	Yon kay pwòp	17 a 20
7yèm paj 88 – 109	Ansèyman lekti ak ekriti tr, pl, konsòn final yor, v, k, z	Yon kay pwòp (suit)	21 a 24
8yèm paj 110 - 130	Ansèyman lekti ak ekriti w, r, mw, ui, ks, sw Egzèsis espesyal	Ledikasyon seksyèl nan fanmi	25 a 28
9yèm	Evalyasyon nan mitan an. Egzèsis espesyal		-
10yèm paj 131 – 154	Ansèyman lekti ak ekriti: n, bl, pl, tr, ch, sy Konsòn final	Ledikasyon seksyèl nan fanmi (suit)	29 a 32
11yèm paj 155 – 179	Ansèyman lekti ak ekriti: d, dw, pw, lw, tw, sw, zw, bw, fw Ekriti lèt majiskil	Kenbe lanati pwòp	33 a 36
12yèm paj 180 - 207	Ansèyman lekti ak ekriti: m, dj, dl, br, gr, py, pl, jw - Kòmansman kalkil aritmetik	Dans popilè ann Ayiti	37 a 40
13yèm paj 208– 231	Ansèyman lekti ak ekriti f, kr, kl, kw, bw, by, jw Kalkil aritmetik	Aktivite atis nan peyi d Ayiti	41 a 44
14yèm paj 232 – 247	Ansèyman lekti ak ekriti: b, pw, nw, sy, fw, vw Kalkil aritmetik	Konesans granmoun ayisyen yo genyen (pwovèb)	45 a 48
15yèm paj 248 – 279	Egzèsis ak konsolidasyon r, fl, fr, fw, chw, ry, zy, à	Ayiti	49 a 52
16yèm	Egzèsis ak konsolidasyon	Evalyasyon final	-
17yèm	Egzèsis ak konsolidasyon	Evalyasyon final	-

**Sonje :** Monitè a pa dwe fè patisipan yo li konsòn yo pou kont yo, fòk li toujou marye yo ak yon vwayèl.

5yèm jou nan semèn nan monitè a ap gen pou l fè revizyon ak evalyasyon sistematik.



## Kalandriye Alfa Radyo

Semèn	Pwogram	Tèm	Transmisyon radyo	Egzèsis
1ye	Entwodiksyon, Familyarizasyon	Fanmi	Senaryo e enskripsyon Rankont fasafas	
2yèm paj 7 - 14	Aprantisaj pou ede patisipan yo li ak ekri a, o, i, e, an, k, l Egzèsis sikomotè Egzèsis degoudi men	Fanmi	* Senaryo #1 * Senaryo #2 * Senaryo #3 * Senaryo #4 * Rankont fasafas	1 a 4
3yèm paj 15 - 31	Kòmansman ansèyman lekti ak ekriti en, a, p, n, f, s, g	Premye lekòl	* Senaryo #5 * Senaryo #6 * Senaryo #7 * Senaryo #8 * Rankont fasafas	5 a 8
4yèm paj 32 - 48	Kontinye ansèyman lekti ak ekriti d, y, v, s, z, e, t, on Egzèsis sikomotè Egzèsis degoudi men	Sante fizik	* Senaryo #9 * Senaryo #10 * Senaryo #11 * Senaryo #12 * Rankont fasafas	9 a 12
5yèm paj 49 - 66	Ansèyman lekti ak ekriti m, b, j, ò, w	Sante mantal	* Senaryo #13 * Senaryo #14 * Senaryo #15 * Senaryo #16 * Rankont fasafas	13 a 16
6yèm paj 67 - 87	Ansèyman lekti ak ekriti m, o, ò, w, on, bw, dw, pw, sy, kw, p, k, n, y, s, l Tout vwayèl yo	Yon kay pwòp	* Senaryo #17 * Senaryo #18 * Senaryo #19 * Senaryo #20 * Rankont fasafas	17 a 20
7yèm paj 88-109	Ansèyman lekti ak ekriti tr, pl. Konsòn final yo r, v, k, z	Yon kay pwòp (suit)	* Senaryo #21 * Senaryo #22 * Senaryo #23 * Senaryo #24 * Rankont fasafas	21 a 24
8yèm paj 110-130	Ansèyman lekti ak ekriti w, r, mw, ui, ks, sw Egzèsis espesyal	Ledikasyon seksyè nan fanmi	* Senaryo #25 * Senaryo #26 * Senaryo #27 * Senaryo #28 * Rankont fasafas	25 a 28



Semèn	Pwogram	Tèm	Tranmisyon Radyo	Egzèsis
9yèm	Evalyasyon nan mitan an Egzèsis espesyal	-	-	-
10yèm paj 131-154	Ansèyman lekti ak ekriti n, bl, pl, tr, ch, sy Konsòn final	Ledikasyon seksyèl nan fanmi (suit)	* Senaryo #29 * Senaryo # 30 * Senaryo # 31 * Senaryo # 32 * Rankont fasasfas	29 a 32
11yèm paj 155-179	Ansèyman lekti ak ekriti d, dw, pw, lw, fw, sw, zw, bw, fw Ekriti lèt majiskil	Kenbe lanati pwòp	* Senaryo #33 * Senaryo # 34 * Senaryo # 35 * Senaryo # 36 * Rankont fasasfas	33 a 36
12yèm paj 180-207	Ansèyman lekti ak ekriti m, dj, dl, br, gr, py, pl, jw Kòmansman kalkil aritmetik	Dans popilè ann Ayiti	* Senaryo #37 * Senaryo # 38 * Senaryo # 39 * Senaryo # 40 * Rankont fasasfas	37a 40
13yèm paj 208-231	Ansèyman lekti ak ekriti f, kr, kl, kw, bw, by, jw Kalkil aritmetik	Aktivite atis nan peyi d Ayiti	* Senaryo #41 * Senaryo # 42 * Senaryo # 43 * Senaryo # 44 * Rankont fasasfas	41 a 44
14yèm paj 232-247	Ansèyman lekti ak ekriti b, pw, nw, sy, fw, vw Kalkil aritmetik	Konesans granmoun Ayisyen yo genyen (pwovèb)	* Senaryo #45 * Senaryo # 46 * Senaryo # 47 * Senaryo # 48 * Rankont fasasfas	45 a 48
15yèm paj 248-279	Egzèsis ak konsolidasyon r, fl, fr, fw, chw, ry, zy, à	Ayiti	* Senaryo #49 * Senaryo # 50 * Senaryo # 51 * Senaryo # 52 * Rankont fasasfas	49 a 52
16yèm	Egzèsis ak konsolidasyon	Evalyasyon final	-	-
17yèm	Egzèsis ak konsolidasyon	Evalyasyon final	-	-



1.- Tablo pou patisipan yo rekonèt chif

1	1	1	1	1
1	2	2	2	2
2	1	1	2	1
3	3	3	3	3
2	3	1	3	2
4	4	4	4	4
1	4	2	4	3
5	5	5	5	5
5	2	5	3	5
5	5	2	5	4
6	6	6	6	6
6	4	5	6	3
7	7	7	7	7
7	4	7	1	7
8	8	8	8	8
2	8	3	8	6
9	9	9	2	9
9	4	9	5	9

2.- Tablo pou patisipan yo rekonèt chif

9	1	3	2	1	4
8	1	5	5	3	6
2	7	7	9	2	8
8	2	9	3	7	6
9	5	8	6	7	7
1	9	3	8	2	6
4	2	5	9	6	8
1	3	5	4	7	6
8	2	4	6	8	1
7	4	8	5	6	9
1	8	1	6	9	7
4	6	3	9	2	8
5	2	6	3	7	4
4	9	5	1	3	2
9	3	7	4	2	8
8	7	6	5	4	3
1	6	5	3	7	2
8	5	1	6	9	7
8	7	9	6	6	8
1	7	7	1	3	4



### 3.- Tablo evalyasyon chif 0 - 9

	0 zewo
■	1 en
■ ■	
■ ■ ■	
■ ■ ■ ■	
■ ■ ■ ■ ■	
■ ■ ■ ■ ■ ■	
■ ■ ■ ■ ■ ■ ■	
■ ■ ■ ■ ■ ■ ■ ■	
■ ■ ■ ■ ■ ■ ■ ■ ■	

Referans : SEA, Ann kouche chif sou papye.



#### 4.- Tablo miltiplikasyon

1	X	1	=	1
1	X	2	=	2
1	X	3	=	3
1	X	4	=	4
1	X	5	=	5
1	X	6	=	6
1	X	7	=	7
1	X	8	=	8
1	X	9	=	9
1	X	10	=	10

2	X	1	=	2
2	X	2	=	4
2	X	3	=	6
2	X	4	=	8
2	X	5	=	10
2	X	6	=	12
2	X	7	=	14
2	X	8	=	16
2	X	9	=	18
2	X	10	=	20

3	X	1	=	3
3	X	2	=	6
3	X	3	=	9
3	X	4	=	12
3	X	5	=	15
3	X	6	=	18
3	X	7	=	21
3	X	8	=	24
3	X	9	=	27
3	X	10	=	30

4	X	1	=	4
4	X	2	=	8
4	X	3	=	12
4	X	4	=	16
4	X	5	=	20
4	X	6	=	24
4	X	7	=	28
4	X	8	=	32
4	X	9	=	36
4	X	10	=	40

5	X	1	=	5
5	X	2	=	10
5	X	3	=	15
5	X	4	=	20
5	X	5	=	25
5	X	6	=	30
5	X	7	=	35
5	X	8	=	40
5	X	9	=	45
5	X	10	=	50

6	X	1	=	6
6	X	2	=	12
6	X	3	=	18
6	X	4	=	24
6	X	5	=	30
6	X	6	=	36
6	X	7	=	42
6	X	8	=	48
6	X	9	=	54
6	X	10	=	60

7	X	1	=	7
7	X	2	=	14
7	X	3	=	21
7	X	4	=	28
7	X	5	=	35
7	X	6	=	42
7	X	7	=	49
7	X	8	=	56
7	X	9	=	63
7	X	10	=	70

8	X	1	=	8
8	X	2	=	16
8	X	3	=	24
8	X	4	=	32
8	X	5	=	40
8	X	6	=	48
8	X	7	=	56
8	X	8	=	64
8	X	9	=	72
8	X	10	=	80

9	X	1	=	9
9	X	2	=	18
9	X	3	=	27
9	X	4	=	36
9	X	5	=	45
9	X	6	=	54
9	X	7	=	63
9	X	8	=	72
9	X	9	=	81
9	X	10	=	90



## VOKABILÈ

- Afrik** : Se yon kontinan, yon mòso tè tankou Ewòp, Azi, Amerik, eksetera.
- Agrikilti** : Tout sa ki konsène travay latè.
- Aktivite** : Aksyon nou fè pou yon bi.
- Alfabè** : Lis lèt yo itilize pou ekri yon lang.
- Alfa a distans** : Se yon mòd alfabetizasyon kote patisipan yo ap aprann nan radyo, televizyon, kasèt, sou entènèt, eksetera.
- Alfa prezansyèl** : Se yon mòd alfabetizasyon kote monitè a ap rankontre ak patisipan yo nan klas chak jou.
- Amoni** : Bon jan antant.
- Ansyen** : Non yo bay moun ki la lontan.
- Anviwònman** : Lokalite oubyen zòn kote n ap viv la, tout sa ki nan alantou nou.
- Atitid** : Konpòtman nou trape nan lavi.
- Bezwen** : Sa ki nesesè.
- Debwasman** : Koupe anpil pyebwa san n pa plante lòt.
- Edikasyon** : Konesans entèlektiyèl, kalite moral, bon lizaj.
- Edikasyon seksyèl** : Se tout konsèy ki gen rapò ak sèks paran dwe bay ti fi ak ti gason.
- Egzèsis sikomotè** : Egzèsis ki pou ede yon moun sèvi ak manm li yo pi byen.
- Ekonomi** : Tout sa k gen rapò ak zafè lajan.



**Ekri** : Kapasite pou n kouche tout sa ki pase nan tèt nou sou papye.

**Espès** : Echantiyon.

**Esplwatasyon** : Jan yo sèvi avèk yon byen oubyen avèk yon moun.

**Evalyasyon sistematik**: Se tout aktivite k ap pèmèt monitè a evalye patisipan l yo chak jou.

**Fizyolojik** : Tout sa k konsène kò fizik la.

**Fòmasyon** : Konesans yon moun ranmase.

**Ilistrasyon** : Desen ki mache ak yon tèks oubyen ak yon lide.

**Iminoloji** : Pwoteksyon kò a genyen pou l reziste kont maladi.

**Inyorans** : Sa yon moun pa konnen.

**Koregrafi** : Egzèsis ak tout bèl pa dansè yo fè lè y ap bay yon espektak.

**Kominote** : Yon gwoup moun k ap viv menm kote.

**Koutwazi** : Jantiyès, politès.

**Lateralizasyon** : Egzèsis degoudi men k ap pèmèt aprenan an gen ladrès pou l ekri.

**Limanite** : Se tout moun, tout pèp sou latè.

**Metòd** : Prensip yon moun dwe suiv.

**Mikwòb** : Yon jèm moun pa ka wè ak je ki bay kèk maladi.



**P**atisipan

: Moun k ap patisipe nan yon aktivite oubyen nan yon pwogram.

**Penti nayif**

: Se yon kalite tablo, atis ki aprann poukont yo fè san yo pa imite estil ki te la deja.

**Pwodiksyon**

: Rekòt, sa ki soti kòm byen nan yon travay.

**Polisyon**

: Pwazon.

**Popilasyon**

: Kantite moun k ap viv nan yon zòn oubyen nan yon peyi.

**Pwochen**

: Moun k ap viv bò kote w.

**S**anba

: Chantè, powèt, konpozitè.

**Sante mantal**

: Se lespri ki pa twouble; lespri ki nan bon kondisyon.

**Sida**

: Sendwòm Defisyans Iminitè Aki (yon viris ki kraze sistèm pwoteksyon kò a genyen pou l goumen ak mikwòb).

**V**aksen

: Remèd yo bay moun oubyen bèt pou pwoteje yo kont kèk maladi.

**Viris**

: Se yon seri mikwòb ki pote jèm maladi, nou kapab wè l avèk yon mikwoskòp.



## IM NASYONAL

(Kouplè 1 avèk kouplè 5)

1

Pou peyi nou  
Ak pou ansyen yo  
Annou mache  
Nan tèt ansanm  
Trèt pa dwe  
Nan mitan nou  
Se pou nou  
Sèl mèt tè a  
Annou mache  
Nan tèt ansanm  
Pou peyi nou  
Ak pou ansyen yo  
Annou mache  
Nan tèt ansanm  
Pou peyi nou  
Epi pou ansyen yo.

5

Pou drapo nou  
Ak pou peyi nou  
Si pou n mouri  
N ape mouri  
Moun Lontan  
Te montre nou  
Chemen pou nou goumen  
Si pou n mouri  
N ape mouri  
Pou drapo nou  
Ak pou peyi nou  
Si pou n mouri  
N ape mouri  
Pou drapo nou  
Epi pou peyi nou.

Tradiksyon SEA



## REFERANS BIBLIYOGRAFIK

- 1 MACAIRE, F., Notre beau métier, manuel de pédagogie appliquée, Edition Les classiques africains, Paris, 1993, p. 187.
- 2 COURAU, Sophie, op., cit., p.19.
- 3 LAHENS, Yves Joseph, Le créole dans le contexte scolaire, in Le créole en question, autour de la réforme, MENJS, Bulletin #2, Port-au-Prince, 1980, p. 15.
- 4 ZEPHYR, Lemaitre, Nòt seminè sou sistèm òtograf Kreyòl ayisyen an, SEA.
- 5 Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon, Ann aprann òtograf Kreyòl la, Edisyon dèz Antiy, Pòtoprens, p. 19.
- 6 DEJAN, Iv, Ann etidye lang nou an, Edisyon Demen Miyò, Pòtoprens, 1995, p. 14.
- 7 Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon, op., cit. pp. 19, 20.
- 8 Ibid, op., cit., p. 22.
- 9 DEJAN Iv, op., cit., p. 17.
- 10 Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon, op., cit., p. 17.
- 11 Ibid, p. 23.
- 12 Ibid, p. 24.
- 13 Ibid, p. 11.
- 14 Ibid, p. 41.
- 15 CARTIER, François, Corinne, Bourgault, Bourgault, chronique carrières et profession, www.jobboom.com,chroniques/salut bonjour / 2003, p. 1.
- 16 Dictionnaire Hachette Encyclopédique 1994, Hachette livre, Paris, 1993, p. 1461.
- 17 LESTAGE, André, Analphabétisme et alphabétisation, publication UNESCO, Paris, 1981, p. 23.
- 18 MARTIN, Jean-Paul et Emile Savary, Formateur d'adultes, 2<sup>ème</sup> Edition, Chronique sociale, Lyon, 1999, p.185.
- 19 UNESCO, Apprendre à l'âge adulte : une clé pour le XX<sup>e</sup> siècle, thème 2, 5<sup>ème</sup> Conférence internationale sur l'éducation des adultes, Hambourg, 1997, p. 7.
- 20 CARTIER, François et CORINNE, Bourgault, op., cit., p. 1.
- 21 CATIER, François, CORINNE, Bourgault, op., cit., p. 1.
- 22 PASCAL, Lélé, Cahier des sciences de l'animation, Caméroune, 1985, p. 8.
- 23 MUCCHIELLI, Roger, La dynamique des groupes, Editions Le Nathan, Paris, op., cit., p. 20.
- 24 MARTIN, JEAN-Paul et Emile Savary, Formateur d'Adultes, 2<sup>ème</sup> Edition, Chronique Sociale, Lyon, 1999, p. 328.
- 25 MARTIN, JEAN-Paul et Emile Savary, op., cit., p. 328.
- 26 NCHOUTMBOUBE, André, Théorie et pratique de l'animation des loisirs de jeunes, in Cahier des sciences de l'animation, volume 1, Université de Yaoundé, Yaoundé, 1985, p. 56.
- 27 NCHOUTMBOUBE, André, op., cit., p. 56.
- 28 COURAU, Sophie, Les outils d'excellence du Formateur, pédagogie et animation, tome 2, Editeur ESF, Paris, 1984, p. 63.
- 29 NTEBE, Gilles, L'andragogie, un projet de société et un modèle d'apprentissage, in Cahier des sciences de l'animation, volume 1, Université de Yaoundé, Yaoundé, 1985, p. 54.
- 30 Biwo lang kreyòl, Koute pale li ekri 4 chemen konnen, Piblikasyon SEA, Pòtoprens, 1995, p.131.
- 31 MACAIRE, F., op., cit., p. 259.
- 32 MARTIN, JEAN-Paul et Emile Savary, op. cit., p. 47.
- 33 Fonds des Nations Unies pour l'enfance (Unicef), Rapport Général des travaux sur les stratégies et politiques nationales d'alphabétisation en Haïti, Unicef, 1990, p. 9.
- 34 GENDREAU, François, et al, Evaluation des politiques et programmes de population, Editions john libbery Eurotext, Paris, 1994, p. 7.
- 35 Fonds des Nations Unies pour l'enfance (Unicef), op., cit., p. 26.
- 36 MACAIRE, F., op., cit., p. 266.
- 37 LESTAGE, A., op., cit., p. 24.





## **Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon**

Dèlma 29, Ang ri Samba e Santa

Pòtoprens, Ayiti

Email: [seahaiti@hotmail.com](mailto:seahaiti@hotmail.com)

[www.alfaekonomik.fr.st](http://www.alfaekonomik.fr.st)

Tout dwa rezève

Okenn moun pa gen dwa repwodui ni kopye

okenn pati nan liv sila a san otorizasyon

Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon

ISBN: 9935-2-418-2

Depo legal: 03-12-719

Bibliyotèk Nasyonal d'Ayiti

Liv sa a fin enprime nan atelye

Près Nasyonal d Ayiti

Janvyè 2004